ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЭРЭ КЪЫДОКI

№114 (23.022) ● 2015 гъэм мэкъуаугъэм (июным) и 18, махуэку ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ● adyghe@mail.ru adyghepsale.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыкIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъакIа унафэ №138-РГ-мкIэ къиштам, зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и ЩIалэгъуалэ правительствэм и къызэгъэпэщыкIэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм 2014 гъэм дыгъэгъазэм и 10-м къыдигъакIа унафэ №138-РГ-мкIэ къиштам, мы къыкIэлъыкIуэ зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэн:

а) «УнафэщIым и къуэдзэ УнафэщIым и къуэдзэ Гъуэгу хозяйствэмкIэ министр»

сатырхэр мы къыкIэлъыкIуэ сатырхэмкIэ зэхъуэкIын:

«УнафэщIым и къуэдзэ - щIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкlэ министр

УнафэщIым и къуэдзэ - щIыупсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министр

Гъуэгу хозяйствэмкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ министр»;

б) «ЩIымрэ мылъкумрэ я Iуэхухэмкlэ министр»;

«ЩIыупсым и хъугъуэфIыгъуэхэмрэ экологиемкIэ министр»;

«Транспортымрэ связымкIэ министр»

сатырхэр хэгъэкIын.

2. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 11-м
№57-РГ

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувыным и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Унафэ

Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм унагъуэ псэущхьэм хъащхьэрIуэ уз къеуэлIауэ псэухэрахутам къыхэкIыу, «Ветеринарием и Iуэхукlэ» 1993 гъэм накъыгъэм и 14-м къащта Урысей Федерацэм и Закон №4979-1-м тету икIи Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм и унафэщIым 2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м №38/УВ - 374-м щIэту къыгъэхьа тхыгъэм ипкъ иткIэ, хъащхьэрIуэ узыр гъэкIуэдын мурадкIэ:

1. Дзэлыкъуэ районым хыхьэ Каменномост къуажэм и щIыналъэм щыщ Iыхьэу Кувэжыкъуэм, Кьалэжьокъуэм, Бейтыгъуэным я узрамкэм я къуухьым кьриубыдэм мардэ пыухыкIахэр (карантин) щыгъэувын махуэ 60 пIалъэкIэ.

2. Карантиныр щыщIыз эмынасрэ мы унафэм и пункт 1-м къыщыгъэлъэгъуа щIыналъэм хьэхэмрэ джэдухэмрэ яхэту, унагъуэ псэущхьэкэр кърашыну, апхуэдизу а щIыналъэм унагъуэ псэущхьэкэр щащэну е къыщащэхуну хуит ящIыркъым.

3. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Ветеринариемкlэ и управленэм хуэгъэувын хьэщхьэрIуэ узыр гъэкIуэдыным хуэгъэза Iуэхухэр Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм щIыгъуу зэхилхьэу я гъэззащIэну.

4. Мы унафэм къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 15-м
№59-РГ

«2014 гъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэззэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым **унафэ ещI**:

1. « Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и республикэ бюджетыр гъэззэщIа зэрыхъуам и Iуэхукlэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законыр хъэщтэн .

2. А Законыр Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм хуегъэжьын Iэ щIидзын икIи щIыхуэр щыгъуазэ ищIын папщIэ.

3. Мы унафэм къару егъуэт къыщащта махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и Унафэщ ЕГОРОВЭ Татьянэ

Налшык къалэ
2015 гъэм накъыгъэм и 28-м
№257-П-П

Илъэс куэдкIэ зыпэплъа

Китаймрэ Астралиемрэ Канберрэ Iэ щытрадзащ хуиту сату зэрызэдашIынум теухуа зэгурыIуэныгъэм.

Илъэс зыбжанэ хъуауэ ягъэхьэзыр дэфтэрым Iэ традзащ Китайм коммерцэмкIэ и министр Хучен Гаорэ Австралием сатумкIэ и министр Робб Эндрюрэ.

ЛъэныкъуитIми къыхагъэщащ а Iуэхум тхыдэ мыхьэнэ иIэу къызэралъытэр икIи жаIащ я къэралхэм я мызакъуэу, дунейм и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми я экономикэхэр ефIэкIуэным а зэгурыIуэныгъэр сэбэп хуэхъуну зэрыщыгугъыр.

ЦIыхум и хуитыныгъэр хъумэным хуаунэтI

Хабзэмебэкъуауэ, щIэпхъаджагъэ илэжьауэ шэч зыхуащI цIыхум щыпкърыупщIыхькIэ абы залымыгъэ кIэлъызехьэныр къэбэхъуу зэрымыхъунум теухуа унафэ къиштащ США-м и сенатым.

Къэралым и президент Обамэ Барак абы теухуа унафэ щхьэхуэ ищIауэ щыIэщ, ауэ ар иужьрей зэманым щIэх-щIэхъуурэ къызэпауд зэрыхъуарц мы законыр къащтэным лъабжьэ хуэхъуар.

Щэч зыхуащIым залымыгъэ кIэлъызехьэныр демократием къызэремызэгъыр, апхуэдэ икIагъэ цIыхум кIэлъызезыхьэр жэуап ткIийм ешэлIэн хуейуэ къыхалъхьащ къэралым зи Iулыджьыр щылъагъэ сенаторхэу Маккейн Джонрэ Файнстайн Дайэннрэ.

«Къэралым и шынагъэншагъэр къызэзгъэпэщыныр щхьэусыгъуэгъэ ящIурэ цIыхум лей зэрыкIэлъызэрамыхьэнумкIэ, апхуэдэ къэхъу хъужьыкъуэми, ар зыпэжьащ къызэрыщIэмыкIуэнумкIэ щэсыпIэ дихьэ хъунущ иджы. Демократием и хабзэ нэхъыщхьэхэр, цIыхум и хуитыныгъэхэр къызэпымыуд ным хуэгъэпсащ нобэ къэтщта дэфтэрыр» - жиIащ Маккейн.

«Мы хабзэм делэжьын щыщIэздзар цIыхум щыпкърыупщIыхьхьэ ЦРУ-м и лэжьакIуэхэм абы кIэлъызэрахьэ хьэкIэжьхъуэкIагъэхэм я хьэбар зэхэтха нэужьщ. Псалъэм папщIэ, щэч зыхуащIыр псым щIагъэмбрыуэрэ бэуапIэ ирамыту абы зэман гуэркIэ щаIыгъуэ, ямыгъэжейуэ, пэш бэнэзвхэм щаIыгъуэ къэтхутащ. Апхуэдэ хьэкIэжьхъуэкIагъэхэм ди нэхэр иджьпсту яхуэдуфIыцIмэ, ди къэралым и мызакъуэу, дунейм и нэгъуэщI щIыпIэ куэдми я экономикэхэр ефIэкIуэным а зэгурыIуэныгъэр сэбэп хуэхъуну зэрыщыгугъыр.

Хабзэм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

♦Мэкъуауэгъуэм и 18 - бдзэуэгъуэм и 17-хэм Рэмэдан мазэ лъапIэщ.

♦Азербайджаным щагъэлъапIэ Цыхум и хуитыныгъэхэм я махуэр

♦Молдовэм и тхыдэджхэм я махуэщ

Лъэпкъ Iущыгъэ

Зы махуэм бззэрщ, зы махуэм къззэрщ.

♦1815 гъэм Инджылызымрэ Пруссиемрэ я дзэхэм Бонапарт Наполеон и армэр Ватерлоо къалэ цIыкIум деж щызэтракъутащ.

♦США-м и щыщ Ричардсон Уильям 1889 гъэм къигупсысащ сабийхэр къызэрыгъэшэкI гуцIыкIу.

♦1956 гъэм Налшык Музыкэ училищэ къыщызэIуахащ.

♦1936 гъэм дунейм екIужащ совет тхакIуэ, драматург, жылагъуэ лэжьакIуэ Горький Максим.

♦1974 гъэм дунейм екIужащ дзэзешэ щIэрIуэ, къэралым лэжьакIуэ, Совет Союзым и Маршал Жуков Константин.

♦Урысей актёр, режиссёр, СССР-м и цIыхубэ артист, УФ-м и Къэрал саугъэтыр зыхуагъэфэща, къэрал академическэ Театр цIыкIум 1988 гъэ лъандэрэ и художественнэ унафэщI Соломин Юрий и ныбжьыр илъэс 80 ирокIу.

♦Сурэтыгъ -живописец Индрис Залымхъан къызэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокIу.

♦Удмуртием и Iэтащхьэ Соловьев Александр и ныбжьыр илъэс 65-рэ ирокIу.

♦Щыджьлъым щыщ музыкант, уэрэджьыкIуэ, композитор, дуней псом цIэрыIуэ щыхъуауэ щыта «Битлз» гупыр къызэзыгъэпэщащэм яхэта Маккартни Пол и ныбжьыр илъэс 73-рэ ирокIу.

♦Химиемрэ къэхъуам я доктор, КъБКъМУ-м и профессор Ало Владимир и ныбжьыр илъэс 59-рэ ирокIу.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэриты мкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градус 25 - 26-рэ, жэщым градус 17 - 21-рэ щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар **ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.**

● КъБР-м и Парламентым

Коммунальнэ Iуэхутхьэбзэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ хэкIыпIэхэр яубыхуну

ЦIыхухэм псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхутхьэбзэхэр зэрыхуащIэм щытепсэлъыхьащ КъБР-м и Парламентым и Президиумым иджьблагъэ ирегъэкIуэкIа зэIущIэм Правительствэм щыхухах зэманым. Депутатхэм я пащхьэ абы теухуауэ доклад щищIащ КъБР-м ухэнынгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэмкIэ и министр Тутыкъу Анзор.

АБы зэрыжиIамкIэ, 2014 - 2015 гъэхэм я бжьыхьэ-щIымахуэ лъэхъэнэм зыщIыхуагъэхьэзырым бюджетым щымыщ ахъшэу, апхуэдэу псэупIэ коммунальнэ хозяйствэм и Iуэхущ1анIэхэм я ахъшэу къагъэсэбэпаг сом мелуан 370-м щIегъу. ДызыхуэкIуэ бжьыхьэм къызэрагъэпэщын хуейщ Налшык къалэ и ипщэ къухьапIэ лъэныкъуэм щыIэ котельнэм къыщегъэжьауэ хуабэ зриIуэ бжьамийуэ Тэрэкьуэм, Кировым, Кулиевым я узрамкэм ирикIуэр зэхъуэкIыным, котельнэу 6 иджыпят хуабэ-механическэ IэмэпсымэхэмкIэ къызэрэпэщыным, фэтэр куэд хъу унэхэм екIуалIэ бжьамийхэм я щытыкIэр къэпщытэным хуэрикъун ахъшэ.

Ялэ ирагъэщу зэфIагъэкIын хуейщ котельнэхэр, хуабэмрэ псымрэ зриIуэ бжьамийхэр къэгъэщIэжьынымкIэ лэжьыгъэхэр. Абыхэм ятекIуэдэну сом мелуани 6-р -2013 - 2020 гъэхэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыхуэр псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и IуэхутхьэбзэхэмкIэ къызэгъэпэщыныр» республикэ программэм къыхагъэкIынущ. Апхуэдэу «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам хиубыдэу къауТIыпщынущ сом мелуани 132,08-рэ. Федеральнэ программэм ипкъ иткIэ Нарткъалэ псы фIейхэр щагъэкъабзэ и Iуэхущ1анIэм зрагъэубгъуну, Дзэлыкъуэ псы ирафын къыщыщIащ и Iуэхущ1анIэр ирагъэфIэкIуэну, Ташпы-Тала бжьамийкIэ езыр-езыру псы къакIуэу ящIыну, республикэм и къуажэ зыбжанэм ирафыну псыр бжьамийкIэ ирашэлIэну я мурадщ.

2014 - 2043 гъэхэм ятещIыхьауэ ди деж щызэхалъхьащ фэтэр куэд хъу унэхэм щIэсхэм я зэхуэдэ мылъкум хиубыдэхэр капитальнэу зэгъэщIэжьынымкIэ щIыналъэ программэр. Ар ягъэзащIэу щIадзащ икIи 2015 гъэм абы хиубыдэу лифт 29-рэ зэрахъуэкIын, лифт 19 къагъэщIэрэщIэжьын хуейщ. А лэжьыгъэм сом мелуан 41-рэ мин 792-рэ текIуэдэнущ.

Доклад зыщIам къыгъэлъэгъуащ властым и органхэм, псэупIэ-коммунальнэ хозяйствэм и Iэнатl1эм Iуэхутхьэбзэхэр щылъэлажь предприятхэм гу зылъатапхъэ ныкъусаныгъэ щхьэхуэхэри. Псалъэм папщIэ, коммунальнэ сеть зэмылIэужьыгъуэхэр егъэлеяуэ жьы хъуащи, энергием, псым щыщу куэд яфIокIуэд, абыхэм я уасэмкIэ щIыкъуэкIри нэхъыбэ мэхъу. Псым и лъэныкъуэкIэ къапщтэмэ, гугъуэхь нэхъыбэ зыпыщIар щыхуабзэм деж куэдым я уней лъапсэхэм бжьамийм кьиж псыр къызэращагъэсэбэпырщ, абыхэм псыр къызэрабж Iэмэпсымэхэр зэрамылIэрщ.

Апхуэдэу республикэм и щIыналъэм зэпымыуэу щегъэкIуэкIын хуейщ щы щагъым щIэт псым и щытыкIэмрэ абы зэрызизхьэужьмрэ. Мы Iуэхум псалъэмакъ куэд къыытехьеикIри, депутатхэм упщIэ зэмылIужьыгъуэхэр къыхалъхьащ. БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ комитетым и унафащI Афащ1агъуэ Михаил щIэупщIащ республикэм и къалэ зыбжанэм псы фIейхэр щагъэкъабзэ я Iуэхущ1анIэхэр егъэфIэкIуэнымкIэ зэфIагъэкIхэм.

Тутыкъу Анзор зэрыжиIамкIэ, «Урысей Ипщэ» федеральнэ программэ хэхам республикэр зэрыхэтым и фIыгъэкIэ 2015 - 2016 гъэхэм къэриубыдэу псы фIейхэр щагъэкъабзэ Iуэхущ1анIэхэр Нарткъалэрэ Бахьсэнрэ дащIыхьынущ. Апхуэдэу унафэ пыухыкIа къащтащ Налшык екъэлIауэ. Псы фIейхэр щагъэкъабзэ Iуэхущ1анIэм и проектыр гъэззэщIэным ахъшэ кьыхэзылъхьэн инвестор къаГуэтащ. Май, Тырныауэз къалэхэм я гугъу пщIымэ, абыхэм я Iуэхущ1анIэхэм я проектхэр ягъэхьэзыру аращ.

ЗаконодательствэмкIэ, къэрал уэхэкIэмкIэ, щIыпIэ унафэр зегъэкIуэнымкIэ комитетым и унафэщI Берд Хьэзрэталий къиIэтащ къужьхэм ящIыщ куэд псыкIэ къызэрагъэпэщын папщIэ яубрыкуэз щыта щIыпIэхэм щылажьэ насосхэм я къагъэсэбэп электроксаурым и уасэр зэрат щIыкIэм. Ахэр Iуэхущ1анIэ щхьэхуэу къызэрагъэпытэм къызэкIыу, къуажэдэсхэм электроксаурым и уасэр я промышленностым и Iуэхущ1анIэхэм папщIэ яГъэува тарифхэм тету. Депутатхэм министерствэм эмкIэжщ ирагащ мы Iуэхур зэхигъэкIыну икIи законкIэ лъабжьэ къыхуигъуэту кьуажэдэсхэм электроксаурым щIат уасэр гъэмэщIэным теухуауэ Парламентым зыкъыхуигъэзэну.

(КIэухыр 2-нэ нап.).

● Гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэ

Зэшыгъуэ ихуэнукъым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и къалащхьэм и зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм я нэхъ дахэ, щIыупсыр щыкъулей, хьэуар щыкъабзэ, Сабийхэм я узышнагъэр щагъэфIакIуэ «Радуга» центрым и гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэIуахащ.

ЦЕНТРЫМ и унафэщI **Махуэ Юрэ** къызэхуэсахэм фIэхъуэ гуапэ ярихьа нэужь, сабийхэр темыпIэжму зыпэплъа гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр къызэрыблэгъамкIэ ехъуэхъуащ.

- Ди Iуэхущ1анIэм гукъинэжу зыщывгъэпсэкуну, фи узышнагъэр щевгъэфIэкIуэну, гъэ еджэгъуэщIэр нэжэгужэу, гукъыдэжфиIэу щIэвдзэжыну си гуапэщ, - жиIащ Махуэм.

Зэхьхьэм къыщыпсэльащ психологэу **Якушевэ Галинэрэ Корнач Светланэрэ**. Абыхэми къыхаГъэщащ цIыкIуэм я зыгъэпсэхугъуэр нэгузыжьу ирахьэкIыну зэрагуапэр.

Махуэшхуэм и щIыхькIэ Iуэхущ1анIэм и ныпыр яIэтащ. Сабийхэмрэ ныбжьыщIэхэмрэ усэ кьеджащ икIи спорт зэхьэзэхуэхэм я зэфIэкI щеплъыжащ. Къищынэмыщ1ауэ, центрым и гъэмахуэ лъэхъэнэр кьызэрэзэIуахам и щIыхькIэ концерт къызэрагъэпэщащ. Ар яГъэдэхащ уэрэджьыкIуэ, къэфакIуэ ныбжьыщIэхэу Эндреевэ Каринэ, Бейтыгъуэн Расинэ, Ашол Каринэ, Шыкуэ Даянэ, Кэнаевэ Жаннетэ, Тхьэгъэзит Лоренэ, Къущхьэ Аделинэ, Ашол Иринэ, Вэрокъуэ Чэрим, Жылокъуэ Едыдж сымэ, нэгъуэщIхэми.

Бгы уардэхэм къауэхурехьа, щхьэнтIагъэм зэщIищта «Радуга» центрыр Урысейм и сабийхэм зыщагъэпсэху, я зышнагъэр щагъэфIакIуэ Iуэхущ1анIэ нэхъыфIхэм ящыщщ. Къэбгъэлъагъуэмэ, абы и дохутырхэм я лэжьакIэм щIыналъэ куэд щыгъуазэщ икIи сабийхэм медицинэ, социальнэ, психологие Iуэхутхьэбзэхэр щыхуащIэ, я узыншагъэр щIыззэфIагъэувэж. КъифIэхъуэ гуапэ ярихьа нэужь, сабийхэр темыпIэжму зыпэплъа гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэм къызэрыблэгъамкIэ ехъуэхъуащ.

Iуэхущ1анIэм иIэщ соматикэ, ортопедие, эндокринологие, офтальмологие, неврологие, зи Iэпкъльэпкъыр къыдэмыбз сабийхэмрэ абыхэм я анэхэмрэ, зи тхьэкIуэмэ зэхихьэ, зи пэр фIыуэ мыбдаугъэм хуха-ха удамэхэр. Сабийхэм я узыншагъэр зэфIэгъэувэжыныр къызэрагъэпэщ УФ-м Узыншагъэр егъэфIэкIуэнымрэ социальнэ зыужьынымкIэмкIэ и министерствэм иубзыхуэ Iуэхугъуэхэм тету.

Иджырей Iэмэпсымэхэр, псом хуэмыдэу компьютерыр, куэдрэ къызэрагъэпэсэпым и зэранкIэ зи ныкъ фIыуэ имыльагъуж ныбжьыщIэ куэд санаторэм йокIуалIэ. Дохутыр-офтальмологым сабийхэм я нэр лазеркIэ зэтрегъэувэж, зэфэну хущхьэхэр яхуэтх.

Сабийхэм зыщагъэпсэхун, щеджэн папщIэ зыхуеину псомкIи центрыр къызэгъэпэщащ. Псалъэм папщIэ, библиотекэ, баскетбол, волейбол джэгупIэ, футбол губгъуэ иIэщ. КъыхьыIапхъэщ, гъэмахуэм и мызакъуэу гъэ еджэгъуэм ирихьэлIэуи цIыкIуэр. Мы Iуэхущ1анIэм зэрыщыIэр. Ныбжьыщ1эхэр школ программэм къыкIэрымыхун папщIэ дерс нэхъыщхьэхэр ирагъэдж.

Санаторэм и гъэсакIуэхэр сыт щыгъуи хущIокъуу щIыналъэ зэмылIужьыгъуэхэм къикIа сабийхэр ныбжьэгъу зэрызыхуащIыным. ЩIэхщIэхыурэ зэхьхьэ гъэщIэгъуэнхэр ирагъэкIуэкI, щэнхабзэм, егъэджэныгъэм, спортым я лэжьакIуэхэр, республикэм и унафэщIхэр кърагъэблагъэ, лъэпкъ ансамблхэр зыхэт концерт гукъинэжхэр къызэрагъэпэщ, Кавказ Ищхьэрэм, Урысейм я тхыдэмрэ хабзэхэмрэ хагъэгъуэзэ. Къищынэмыщ1ауэ, гупжьейуэ 10 мэлажьэ, спортзалымрэ бассейнымрэ зэхьэзэхуэхэр щокIуэкI, тхьэмахуэм къриубыдэу махуищ къафэм хухах, уэрэд жьIэным гулъытэ хуащI. Гъатхэм ирихьэлIэу зызыслIэупсэхуэр хурагъаджэ къэкIыгъэ лIэужьыгъуэхэр зэрагъэкIым. Хъыджэбз цIыкIуэр дэрбзэр Iэщ1агъэм щыкуагъэхьэзыр «Уиягущащ», гъуэзджэм и хьэпшып зэмылIэужьыгъуэхэр зэрагъэхьэзырым щыхуагъасэ «Iэпэлъэсэ» гупжьейуэр щыIэщ.

ЗыгъэпсэхупIэм кIуа цIыкIуэр зэшыгъуэ ихуэнукъым. Къыщыфэ, КВН, «Брейн-ринг», конференц щхьэхуэхэр щагъэкIуэкI киноконцерт пэшыр пщыхьэщхьэ къэс мэлажьэ. Сабийхэм я Iэдакъэщ1экIхэр утыку щрахьэ гъэльэгъуэныгъэхэр мазэм зэ къызэрагъэпэщ.

ТЕКIУЖЬ Заретэ.
Сурэтхэр **Мамий Руслан** *трихащ.*

● Хъыбар гуапэ

Джэду Iэниуар Европей джэгухэм я чемпионщ

Азербайджаным и къалащхьэ Баку мэкъуауэгъуэм и 12-м щыщIэдзауэ щокIуэкI ялэ Европей джэгухэр. Абы и чемпион дыгъуасэ хъуащ ди лъахэгъу Джэду Iэниуар.

КЪЭРАЛ 50-м къикIа цIыху минихым нэблагъэ спорт лIэужьыгъуэ 30-кIэ зэпуэ. Дэ, дауи, нэхъ дыкIэлъоплъ ди лъахэгъуэхэр зыхэт бэнэкIэ хуитымрэ дэюдомрэ. Абыхэм ящыщу ялэ утыку къихьа Джэду Iэниуар ди щхьэр лъагэу дигъэлъагурэжащ.

Килограмм 74-м нэс си хьэлъагъуэ Европэм тIэунейрэ и чемпион, мазэ ипэкIэ Урысей Федерацэм нэхъ лъэщ дыдэ хъуа адыгэ щIалэм кIыпэхьэн зэрыщымыIэр Баку къалэми щигъэлъэгъуащ. ЯлэщIыкIэ абы зыми щэч хъытымыгъэхьэу хигъэщIащ Белоруссием и щIыхьыр зыхъумэ дунейпсо зэпеуэхэм увыпIэ лъагэхэр щызыбыда Шабанов Аслан. АдэкIи и хьэрхуэрэгъуэхэм зы очкои яримыгъэхьу Джэду Iэниуар финал ныкъуэм щIэсащ. Абы къыщыпэщIэуващ Грузиеи (Куржыкым) къикIа Квелашвили Джумбер. Ари ди щIалэм куэдрэ къыпэщIэтыфакьым - ялэ Iыхьэм Джэдум ар кьабзэу тридзащ.

Дыщэм щыщIэбэна кIэух зэIущIэр, дауи, нэхъ гугъун уеяещ. Ди лъахэгъуэ и хьэрхуэрэгъуэт тырку бэнакIуэ лъэщ Демирташ Сонер. АрщхьэкIэ мы зэхьэзэхуэм ирихьэлIэу бын ещанэу кьуэ къыхьэхуащIуэ Джэду Iэниуар и дзэжьгъуэр нэхъ лъапIэж ищын папщIэ къэзыгъэувыIэфын щы Iэтэкъым. Абы тырку бэнакIуэр 10:0-у ялэ дакъикъитIым хигъэщIащ.

Апхуэдэ щыкIэкIэ Европей джэгухэм дыщэ медаль къызэрыщихьам къыдэкIуэу, Псыгуэнсу кьуажэм щыщ ди лъахэгъуэ Европэми ещанэу и чемпион хъуащ. Ар хуабжу ехьэлIэныгъэ инщ икIи ди гуапэу Джэду Iэниуар дохъуэхъу.

ЖЫЛАСЭ Заурбэч.

● «Адыгэ псалъэр» къыхьзох

Фащэм бзэр щIыгъун хуейщ

ЦIыхум зыщыщ лъэпкъыр хуэхъумэ и бзэм. Зэман екIуэкIым хэмышыпсыхьыжьын щхьэкIэ, и хабзэмрэ щэнхабзэмрэ зрихьэжьыфын папщIэ, щэч зэмылIу, ар зыхуэсакъын хуейр и анэдэлъбзэрщ. Зы бзэ щыIэу си фIэщ хъуркъым и кIэм нэсу яджауэ, сыту жыпIэмэ абы и зэфIэкIыр гъунапкъэншэщ.

Ди республикэм къыщыдэкI «Адыгэ псалъэ» газетым сэ гу зэрылъыстэмкIэ, къалэну зыхуигъэувыжыр щIыналъэм къыщекIуэкI Iуэхугъуэхэр щыхум я деж нижьэным и закъуэкIым, атIэ абы мыхьэнэшхуэ ирет адыгэ Iуэхум, ди лъэпкъым и ехьулIэныгъэшхуэхэм, цIыху пажэхэм. Илъэс 90 хуауэ ар епщIыжыркъым «Фифi фымыгъэпуд, фи Iей фымыгъэпщIку» и псалъащхьэм. Абы тхыдэ напэкIуэцIым къыхэнэну Iуэхугъуэ куэд тхуегъэтIылъ, гъэхэр дэкIа иужьи къытхуэщхьэпэжьну.

Ди анэр илъэс куэд щIауэ щIоджьыкI мы газетым. ЩIэджьыкIым и мызакъуэу, дэри мыхьэнэ зиIэ куэдым гу лъыдегъатэ. Сыт хуэдэ лэжьыгъэ ухэтми, псом япэу уи бзэр пIурыбыкIын гупсысэнущ. Нобэ адыгэ фащэр къыщыпIэгъэж щхьэкIэ, абы кьыпхуигъуэ хабзэм - бзэр, щэнхабзэр зехьэн зэрыхуейм - утемытмэ, адрейхэр зырикIщ. Ди гуапэ зэрыхъунщи, диIэщ анэдэлъхубзэр зыщIэну, уеблэмэ абыкIэ усэ зытхыну ещI щIалэгъуалэ мымащIэ. Абыхэми я Iэдакъэщ1экIхэм лъоIэ «Адыгэ псалъэ». Ар узыгъэгуфIэ Iуэхуфщ, ди къэкIуэнур зэлъытар щIэблэр аращи.

ШЭРЫБ Валерэ,
Гъуэзджэхэмкlэ Кавказ Ищхьэрэ къэрал институтым и профессор.

Ут цIыкIум деж

● ХъыбарегъащIэ

Нобэ сыхьэтыр 17-м Печатым и унэм (Лениным и уэрам, 5-м) и щIыбагъымкIэ «Сквером дыкъыщоджэ» зыфIаща зэхьхьэр щекIуэкIынущ. Ар теухуащ 2015 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм щIыхухэм яIэрыхьэну газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIадзынкIэ зэрыухьм.

ЗэIущIэм къекIуэлIэнущ «Адыгэ псалъэ», «Кабардино-Балкарская правда», «Заман», «Горянка», «Советская молодежь», «Нальчик» газетхэм, «Iуащхьэмахуэ», «Литературная Кабардино-Балкария», «Мингитау» литературэ журналхэм, «Солнышко», «Нур», «Нюр» сабий къыдэкIыгъуэхэм я редакцэхэм щылажьэхэр. УщIэ зиIэхэм абдежьым журналистхэм зыщIыхуагъаза хъунущ. Зэхуэсыр игъэдэхэнущ Налшык къалэ ЩэнхабзэмрэзыгъэпсэкуIэмкIэ и паркым и зэгухьныгъэм и урэгъум.

Iуэхум зыкъэрезыгъэхьэлIэхэм Iэмал я1энущ республикэм и хъыбарегъащIэ Iэнатl1эхэм я лэжьакIэм Iуэхуауэ я гупсысэхэр телевиденэм щыжаIэну, апхуэдэуи ныбжьыщIэ цIыкIуэхэр хэтыфынущ зэхьэзэхуэ къызэрагъэпэщынухэм. Нэхъ гъащIэгъуэну утыку ит цIыкIуэр «1 КъБР» телеканалымкIэ къагъэлъагъуэжынущ.

Республикэ газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ тезыдзэну гупыж зыщIхэм апхуэдэ Iэмал абдеж дыдэ щаIэнущ.

КъБР-м Печатымрэ цIыхубэ коммуникацхэхэмкIэ и къэрал комитетым и пресс-Iуэхущ1анIэ.

Коммунальнэ Іуэхутхьэбзэхэр егъэфІэкІуэнымкІэ хэкІыпІэхэр яубзыху

(КІэухыр. ПэщІэдзэр 1-нэ нап.).

Аграрнэ политикэмкІэ, экологиемкІэ, щІыуэпсыр къэгъэсэбэныныкІэ, щІы ІуэхуэмкІэ комитетым и унафэщІым и къудзэ Щхьэгъэпсо Сафарбий щІэупщІащ Дзэлыкъуэ районым щІэ Джэдмыших псыкъелъэм и деж къыщежьэу псыр зрикІуэ бжьамий яуку эдинку жьихуэІэм и пэжыпІэм, абы щІыуэпсым иритынкІэ хъыну зэрыгъэр зыхуэдэм. Тутыкъу Анзор щыжэт текъуащ апхуэдэ мурад зэрыщІэм, нобэм ирихьэлІэу а щІыпІэм екІуалІэ гъэзгур щІэн зэрауам, апхуэдэу псы кІыхэшыпІэм и лъабжьэр зэрагъэтІылъам. «Мы проектым инфраструктурэ ИнвестициитІ Ставрополь крайм хиубыдэ жылагъуэу 16 зэфэн псыкІэ кІыхэрагъэпсыпнуц икІи абы республикэм и экономикэм фейдэ пыухыкІэ къритынущ. Аущ экологием зэранытІэ ятту, псыкъелъэр кІуэдыжьынкІэ хъыну жьихуэІэхэр ауэ сытми лъабжьэншэу ягъэІуа псалъэмакъщ», - жиІащ министрым. Абы ехьэлІауэ Парламентым и Унафэщ Іи и къуэдзэ Бозий Натбий къыщІигъужащ лъагаПІэхэм къыщыщэрагъэпэща псы хъуманІэхэм къыщегъэжьауэ псыр езыр-езыру зрикІуэ бжьамийхэр Шэрдж, Іуащхьэмахуэ районхэм зэрыщагъкъуэдиящ, абыхэм экологием зэранытІэ лъэпкъ зэрыраМыгъыр.

Депутатхэр апхуэдэу тепсэлъыхьащ фэтэр куэд хъу унэхэм щІэсхэм ящыщу щхьэхуэу зи псэупІэхэр зыгъэппІыну хуей цІыхухэм апхуэдэ хуитныгъэ зэрырамытым, псыкІэ цІыхухэр яхьэзэрыгъэпэщ бжьамийхэр пІалъэ пыухыкІахэм тещІыхьауэ къэгъэщІэрэщІэжьым, щІыхухэм псэупІэ-комунальнэ хозяйствэм и ІуэхутхьэбзэхэмкІэ щІыхуэхэр зэрызэтрагъэхьэм.

Псалъэмакъым и кІэухым КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Егоровэ Татьянэ псоми фІыщІэ яхуищІащ псэупІэкоммунальнэ хозяйствэмкІэ и министерствэм, щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ органхэм яхуэгъэзэа чэнджэщхэр.

Президиумым и зэІущІэм апхуэдэу щІыхэпІащ республикэ закон зыбжанэм. Абыхэм ящыщу «КъэбэрдейБалъкъэр Республикэм и муниципальнэ къулыкъым и Іуэхукъ» КъБР-м и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуар. Ар ягъэхьэзыращ «Урысей Федерацэм и муниципальнэ къулыкъым и Іуэхукъ» Федеральнэ законым иджыблагъэ халъхьа зэхъуэкІыныгъэхэм япкъ иткІэ. Мы законопроектым зэрырагъэхамкІэ, муниципальнэ къулыкъущІэкэр ягъэхьэзыр хъунущ пыухыкІауэ щІыхухэм иращІыпІэ зэгурыІуныгъэхэм тету. Апхуэдэу ирагъэджам текІуэдар кІыпІэжьыжьын папщІэ къалэн щащІ муниципальнэ Іэнатіэм зэман пыухыкІакІэ щІыпІэжьэныну.

Парламентархэр хэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Административнэ кІуэншагъэхэмкІэ и кодексым зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукъ» законопроектым. Ар зытеуэгар фадэмрэ псы зэшыпІэуэжьыгъуэхэмрэ роснидзэ сатум щыщэным теухуауэ ягъэзыва мардэхэр зэрамыгъэзащІэм къыхэкІыу тралъхьэ тезырыпц. Апхуэдэу а законопроектым къыщагъэув зыхуэфащэ квотэхэм япкъ иткІэ, балигъ мыхъуауэр лэжьапІэ къэщтэныжмкІэ зи къалэныр зымыгъэзащІэхэм етхьэкъунри.

Документхэр депутатхэмрэ зыхуэфащэ Іэнатіэхэм я унафэщІэмрэ елэжьын папщІэ хуагъэхащ.

Президиумым хэтхэр тепсэлъыхьащ федеральнэ закон щхьэхуэхэм я проектхэр къаззрыщхъуэм теухуауэ къатхахэм. Апхуэдэу ахэр хэпльащ законхэр къыдэгъэкІыныжмкІэ Урысей Федерацэм и нэгъуэщІ субъектхэм я парламентархэм къыхалъхьа жэрдэм куэдым. Абыхэм хеубыдэ мафІэсымкІэ щынагъэнщагъэ къыззрызэрагъэпэщыр, транспортым и щытыкІэр къыззращытэр, къэралыр, муниципалитетыр зыхуейхэм папщІэ товархэр, лэжьыгъэхэр, Іуэхутхьэбзэхэр зэщІэхуным теуха контрактхэр зэрагъэхьэзырыр, нэгъуэщІхэри.

Депутатхэм а махуэм къащта унафэм ипкъ иткІэ КъБР-м и Парламентым и ЩІыхь тхылъыр ираташ Мамхэгъ Назир - КъБР-м щыІэ МВД-м экстремизмэм пэщІэтыныжмкІэ и центрым и унафэщІым, АфащІагъуэ Маритэ - КъБР-м и Хэхакіуэ комиссэм и аппаратым планхэр зэхэлъхьэнымрэ бухгалтер учетымкІэ и Іэнатіэм и унафэщІым, апхуэдэу «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэралым бюджет Іуэхущ1апІэм и лэжьакІуэхэр Уэлджар Арсиян - химиемкІэ кафедрэм и унафэщІым, Малкандуевэ Любовь - коммерцэмкІэ кафедрэм и унафэщІым.

КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

Урысейм и Сурэтыщ1хэм я зэгухьэныгъэм хэт Индрис Залымхъан къэзэралъхурэ илъэс 75-рэ ирокъу.

ИНДРИС Залымхъан 1940 гъэм мэкъуаугъуэм и 18-м Налшык къыщалъхуащ. 1968 гъэм Краснодар и художественнэ училищэр кІиухащ. И лэжьыгъэхэр урысейпсо, союзпсо (1969 гъэ) гъэлъэгъуэныгъэхэм, Сириемрэ Иорданиемрэ (1965 гъэ) утыку къыщрихьащ. И щхьэзакъуэ гъэлъэгъуэныгъэхэр (1995, 2000 гъэхэм) Налшык щекІуэкІащ, и сурэтхэм щІэупщІащхуэ яІэу.

Республикэм къыщызэрагъэпэщ выставкэхэм Индрисым и сурэтхэм увыпІэфІ щащыбыдэ, жылагъуэ ухуэныгъэхэр егъэдахэ, щІыналъэм и музейхэм я фондхэм щахъумэ. Апхуэдэу Урысейм и щІыпІэ зэмылІэужьыгъуэхэм, хамэ къэралхэм щыпсэуэхэм ящыщ куэдым Залымхъан и лэжьыгъэхэм дахьэхуэу зэхуахьэс.

Сурэтыщ1ым и Іэдакъэ къыщІэкІащ и щхьэгъуэсм, бынхэм, Іыхьлыхэм, благъэхэм, ныбжьэгъуэхэм я сурэтхэр. Щ1ыуэпсым, гъэм и зэманхэм, бгы уардэхэм я дахагъэм теухуахэри и мащІэкъым. Къищынэмыщ1ауэ, лэжьыгъэ куэд триуэхуащ лъэпкъ хабзэр, фащэр, адыгэм и хъугъуэфІыгъуэхэмрэ щІэинхэмрэ хъумэным. Абы и лъэныкъуэкІэ Іэщ1ІэгъуэнщІ адыгэ хьэгъуэлІыгъуэр зэрекІуэным теухуар. Псыежэхым зэпрыкІ, лъэпкъ фащэхэр зыщІигъ ешуейжм я сурэтри кьехъуІащ. Ар апхуэдизкІэ Іупщ1ищ, сурэттеххІэ трахам хуэдэу абы щІыхуэу итащ сом меларди 7,8-рэ, ипотекэ кредиту мини 3,3-м щІигъу - сом меларди 4,4-м хуэзэ. Банкым къеІуалІэхэр арэзы щІыныжмкІэ мыкъэнэшъуэ и1эщ ХъуманІэ абы Іэхэтхьэбзэ зэрищІэ щІыкІэм. Иджыкіэ банкым и Іэхэтхьэбзэхэм я процент 98-р дистанционнэу (интернеткІэ) зэфІокІ. Интернет-банкингыр къэзыгъэсэбэп клиентхэм я бжьыгъэм хохъуэ. 2015 гъэм и пэщІэдзэм Кавказ Ищхъэрэ банкым и «Сбербанк-Онлайн» системэр къэзыгъэсэбэпхэм я бжьыгъэм процент 22-кІэ хэхъуащ - щІыху мин 751-м нобл агъэ. «Мобильный банк» Іэхэтхьэбзэр зиІэхэм я бжьыгъэр мелуаным щхьэдэхащ.

Кавказ Ищхъэрэ банкым зрегъэужь и къудамэхэм. Накъыгъэм и кІэм ХъуманІэ банкым и къудамэ епщІанэр къыщІэзыІуахащ Шэшэн Республикэм щыІэ Урус-Мартан къалэм. Ставрополь филиалу 3, Къэбэрдей-Балъкъэрым 1 къыщІэзрагъэпэщыжащ.

Золотаревым жэуап иритащ Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм и журналистхэм я упщІэхэм.

ГУГЪУЭТ Заремэ.



● ДифІ догъэлъапІэ

Энкаустикэм хуэІэзэ Индрис Залымхъан

Залымхъан и лэжьыгъэхэр адрейхэм къащхьэщызыгъэкІыр, нэгъуэщІхэм щІахэмыгъуащэр Мы-бырым, Алыджым илъэс минищ и пэкІэ къыщыІунэхуа «энкаустикэ» техникэм и Іэмалхэр кьигъэсэбпурэ и сурэтхэр зэрищІырщ. Нэхъыщхьэраци, а Іэмалыр, нэгъуэщІу жьиПІэмэ, шэху (воск) пщтырыр кьигъэсэбэпу ищІ и сурэтхэм лІэщІыгъуэ ими зыбжанэкІэ зыри къъащыщІынукъым, я плъыфэхэми захъуэжьынукъым. Дуней псом и сурэтыщІ куэдым абы зыщІрамыпшытыр а техникэр зэрыгугъураУэ къыщІэкІынущ. Абы и щІыхьэтщ а Іэмалыр иджыпсту къэзыгъэсэбэп сурэтыщІхэр зэрымащІэр, уеблэмэ апхуэдэхэм я бжьыгъэхэр Іэпэкіэ къыззэрпхуэбжынур.

- Мысырхэм япэу къагъэщІа «энкаустикэ» техникэм алыджхэр хагъэгъуэзащ. Иужьрейхэм а техникэр ирагъэфІэкІуэкри, лэжьыгъэгъуэзджэхэр я Іэдакъэ къыщІэкІащ. Къэбгъэлъагъуэмэ, сурэтыщІхэр зэпеуэрт ар къагъэсэбэпу лэжьыгъэ нэхъыфІ зыщІымкІэ. Гъэзджэм, щэнхабзэм и лэжьакІуэхэм пщІэшхуэ хуащІырт, художникхэм я сурэтхэм щІэупщІэрэ уасэрэ яІэт. Краснодар сыщыщеджэм, профессор, физик Капцэ Сергей иригъэкІуэкІ «Очевидное невероятное» теленэтыным а техникэм щытепсэлъыхьу зэрымыщІэкІэ сыщрихьэлІэм, абы си зэфІэкІ сыщепльыжьну мурад сщІри сыдихьэхауэ щытащ, - жеІэ Индрисым.

1922 гъэм нэмыцэ сурэтыщІ Шмидт Ганс япэ дыдэу къихуэтуэ щытащ «энкаустикэ» техникэр. Абы теухуа тхыгъэ къытригъэдзащ, ауэ а щэхэр хэІущІыІу имыщІу езыр дунейм ехьжащ. Иджыпрей сурэтыщІхэр а техникэм хэзыгъэгъуэзар Украинэм щыщ сурэтыщІ Хвостенко Вениаминщ. «Энкаустикэ» техникэм теухуа тхылъхэр къыдигъэкІащ Хвостенкэ и лэжьыгъэхэм пызыща инхъу Татьянэ. Абы и фІыгъэкІэ художникхэм Іэмал яІэ хъуащ абы я зэрэтІэкІ щеплъыжыну.

Сурэтыщ1ым и лэжьыгъэхэр Къэбэрдей-Балъкъэрым и щэнхабзэмрэ гъуазджэмрэ и зы Іыхьэфі хъуащ. ПсэгъэгуфІэ-дахагъэ зыхэль а сурэтхэр зыльагъуэхэм дэрэжэгъуэ къарет. Мы гъэм и жэпуэгъуэм Залымхъан къызэригъэпэщыну и гъэльэгъуэныгъэм хигъэхьэну сурэтхэрщ иджыпсту зэлэжьыр.

Индрис Залымхъан и щхьэгъусэ Еленэ Налшык къалэм и сабий гъэсапІэ №5-м и унафэщІщ. Я къуэ нэхъыжь Темботи адэм и лъагъуэм ирикІужащ, сурэтыщІ Іэзэщ, Ткаченкэ Андрей и гъэсэнщ. И лэжьыгъэхэр гъэльэгъуэныгъэ куэдым хагъэхьащ. Я къуэ нэхъыщІэ Мурат УФ-м Юстицэмкіэ и министерствэм и управленэу КъБР-м щыІэм и лэжьакІуэщ, майорщ. ЯпхъУ Маринэ КъБКъУ-м философиер щрегъадж. Залымхъанрэ Еленэрэ я псы къиГъэхъуапІэр я бынхэмрэ къуэрылъху-пхъурылъхуэрацІи, я гуфІэгъуэ куэд ялъагъуну ди гуапэщ.

ТЕКІУЖЬ Заретэ.

Ныбжьыщ1эхэр къыхураджэ

«Урысейм и архитектурэ теплъэр» еплІанэ урысейпсо конкурсым хэтыну Іэщ1агъэлІ ныбжьыщ1эхэм я лэжьыгъэхэр а зэпеуэм ягъэхь хъунущ 2015 гъэм фокІадэм и 30-м нэсыху. Зэпеуэм хэт хъунущ Урысей Федерацэм е СНГ-м хиубыдэ къэралхэм щыпсэу щІалэгъуалэу зи ныбжьыр илъэс 18-35-м итхэр.

ЗЭПЕУЭМ ягъэхьа проектхэм номинацэ зыбжанэкІэ гуэшауэ хэпльэнущ.

Апхуэдэхэм ящыщущ «Урысейм и теплъэр» (ди къэралым щыпсэухэм я щэнхабзэ гъащІэр зэрызэтехуэр къэзыгъэльагъуэ ухуэныгъэхэм я проектхэр), «Социальнэ инфраструктурэм и ухуэныгъэхэм я иджырей архитектурэ гъэпсыкІэр» (Урысей Федерацэм и дэтхэнэ щІыналъэми езэгъ социальнэ ухуэныгъэм и проектхэр), «Курилхэм туризмэмкІэ я инфраструктурэм зегъэужьыныр» (Курилхэм экотуризмэм зыщегъэужьынымкІэ инфраструктурэм хиубыдэ ухуэныгъэхэм я проектхэр), «Арктикэм къыщезэгъ псэупІэ унэ» (Арктикэм щыпсэуным пыща унэхэм я проектхэр. Абы хиубыдэу Іахынущ щІэныгъэ экспедицэхэм хэтхэм папщІэ псэупІэ модулхэм, фэтэр куэд хъу унэхэм я проектхэр).

Зэпеуэм къыщыхэжаныкІхэм папщІэ саугъэт щхьэхуэхэр яубзыхуащ. Къапщтэмэ, «Урысейм и архитектурэ теплъэр» конкурсым япэ ивыпІихыр щызыубыдахэр КНАУФ фирмэм Германием игъэкІуэнурэ, зыш и материалхэр къагъэсэбэпурэ ящІа унэхэр ирагъэтъагъунущ. Апхуэдэу къыкІэлъыкІуэ проекту щыр зи Іэдакъэщ1экІхэр RENAU фирмэм и ахъшэкІэ а къэрал дыдэм зыплъыхьакІуэ игъэкІуэнущ.

Конкурсыр зэрекІуэкІынымрэ абы пыщІауэ гъэхьэзырыпхъэ документхэмрэ нэхъ зэпкърыхуэу щыІэгъэтынущ http;\\archobraz.ru\about\docs сайтым.

КъБР-м Печатымрэ щ1ыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и пресс-Іуэхущ1апІэ.

● КъБР-м и прокуратурэм

Тхылъхэм хоплъэ

сетым щаІэ официальнэ сайтхэм нэгъабэ щызэбграгъэхакъым.

Къэпщытэныгъэм къырикІуам ипкъ иткІэ, щІыналъэ прокуратурэм Бахъсэн район судым иритащ щІыпІэ унафэр зезыгъакІуэ Іэнатіэхэм ныкъусаныгъэхэр ягъэзэкІуэжыну къалэн ящызыщІ иск тхылъ 8. Мы зэманым абыхэм хоплъэ.

КъБР-м и прокуратурэм и пресс-Іуэхущ1апІэ.

ЩІыхухэр арэзы зэращІыным хущІокъу

● Хъуманіэ банк

Урысейм и Хъуманіэ банкым и Кавказ Ищхъэрэ щІыналъэ къудамэм и унафэщІ Золотарев Александр КИФЩІ-м и журналистхэм видеоконференцкІэ къепсэльащ. Банкым и акционерхэм илъэсым кърикІуахэр къыщапщытэжа зэхуэсым абы и унафэщІ Греф Герман зэрыхахьжам и хъыбарымкІэ (2019 гъэ пщІондэ и пІалъэщ) къыщІидзащ Дивиденду яритынущ зы акцэм хуэзэу сом 0,45-рэ. Ар къалэжьа хэхъуэм и процентэ 3,5-рэ мэхъу.

ЗОЛОТАРЕВ Александр конференцым хэтхэр щигъэгъуэзащ 2014 гъэм и япэ мазихым къриубыдэу Кавказ Ищхъэрэ банкым илэжьахэм. КъызэрыхигъэщамкІи, Урысейм и банк ин зыкъомым къащхьэщыкІыу, 2014 - 2015 гъэхэм ХъуманІэ банкым узыгъэгуэзвэн хэщІыныгъэ иІакъым, мылькур ихъуамащ. Абы къыдэкІуэу, активхэм я хэхъуэм и куэдагъкІэ Европэм щыпашэхэм хабжащ. НобэкІэ банкым и Кавказ Ищхъэрэ къудамэм щахъумэ мылькур сом мелард 267-м нобл агъэ. Илъэсыр кьызэрихьэрэ

● ФІи лъэІукІэ

Нэщ1 мазэм и нэмэз щ1ыгъуэхэр

Нобэ Рэмэдан мазэ лъапІэм щІидзащ. Дэтхэнэ зы муслъымэн и къалэнщ и мурад ищІу, пщэдджыжьым и нэхущ лэжьым щегъэжьауэ тэн имылэжьыну, псэхьэлэлкІэ а Іуэхугъуэ щхьэпэр ирихьэкІыну. Ар зыхуэзгъэкъаруун псори Алыхьым дищІ. Ди нэщІри нэмэзри Тхьэм къабылу тІих!

Махуэхэр	Пщэдджыжьыр (нэщІым щыщІидзэр)	Дыгъэр къыщыщІэкІыр	Шэджагъуэр	Ичындыр	Ахъшэмыр (хэщІхьэжьыр	Жасир
Мэкъуаугъуэ мазэм						
18, махуэку	02.49	04.24	12.17	16.23	19.49	21.29
19, мэрем	02.49	04.24	12.17	16.23	19.49	21.29
20, щэбэт	02.49	04.24	12.17	16.24	19.49	21.29
21, тхьэмахуэ	02.49	04.24	12.17	16.24	19.50	21.30
22, блыщхьэ	02.49	04.24	12.18	16.24	19.50	21.30
23, гъубж	02.50	04.25	12.18	16.24	19.50	21.30
24, бэрэжьей	02.50	04.25	12.18	16.25	19.50	21.30
25, махуэку	02.51	04.25	12.18	16.25	19.50	21.30
26, мэрем	02.51	04.26	12.19	16.25	19.50	21.30
27, щэбэт	02.51	04.26	12.19	16.25	19.50	21.30
28, тхьэмахуэ	02.52	04.26	12.19	16.25	19.50	21.30
29, блыщхьэ	02.52	04.27	12.19	16.25	19.50	21.30
30, гъубж	02.52	04.27	12.19	16.26	19.50	21.30
Бадзэуэгъуэ мазэм						
1, бэрэжьей	02.53	04.28	12.20	16.26	19.50	21.30
2, махуэку	02.54	04.28	12.20	16.26	19.50	21.30
3, мэрем	02.55	04.29	12.20	16.26	19.50	21.30
4, щэбэт	02.55	04.30	12.20	16.26	19.49	21.29
5, тхьэмахуэ	02.56	04.30	12.20	16.26	19.49	21.29
6, блыщхьэ	02.56	04.31	12.21	16.26	19.49	21.29
7, гъубж	02.57	04.32	12.21	16.26	19.48	21.28
8, бэрэжьей	02.58	04.32	12.21	16.26	19.48	21.28
9, махуэку	02.59	04.33	12.21	16.26	19.48	21.28
10, мэрем	03.00	04.34	12.21	16.26	19.47	21.27
11, щэбэт	03.01	04.34	12.21	16.26	19.47	21.27
12, тхьэмахуэ	03.02	04.35	12.21	16.26	19.46	21.26
13, блыщхьэ	03.02	04.36	12.22	16.26	19.46	21.26
Къэдэр жэщыр						
14, гъубж	03.03	04.37	12.22	16.26	19.45	21.25
15, бэрэжьей	03.04	04.38	12.22	16.26	19.44	21.24
16, махуэку	03.06	04.39	12.22	16.26	19.44	21.24
17, мэрем	03.06	04.39	12.22	16.26	19.43	21.23

Къэбэрдей-Балъкъэрым и Муслъымэнхэм я Іуэхущ1апІэм къыдитащ.

Гу зылъытапхъэхэр:

1. Нэщ1ыр щиух махуэм зэхъуэжкІыныгъэ игъуэтынкІэ хъунущ.
2. Щ1эращыр ухын хуейщ пщэдджыжь нэмэзым и азэнэр къэІуным и пэ къихуэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м ***Налшык къалэ*** ***№9382-рп***

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшкьуэ-2015» зэхьэзыхуэу (адэкІэ - Зэхьэзыщ) Пятигорск къалэм бадзэуэгъуэм и 24-м щегъэжьауэ щыщхьэІуІум и 7-м нэсыху екІуэкІыну и лэжьыгъэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр хэтынкІэ къызэгъэпэщым мурадкІэ:

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министерствэм хуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэм хэтынухэр нубзыхуну икІи ахэр Зэхьэхьэм хэтынкІэ къызэригъэпэщыну;

Зэхьэхьэм зэрыхэтын хуей щІыкІэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щІалэгъуалэр щІыгъуаз ищІыну икІи а Зэхьэхьэм хиубыдэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Махуэ (адэкІэ – Республикэм и Махуэщ) егъэкІуэкІыным пыща лэжьыгъэхэр зэблигъэкІыну.

2. Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшкьуэ-2015» зэхьэзыщІуэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм икІыну делегацэр кьызхэхынымрэ гъахьэзэрыныжмкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр къэщтэн мы унафэм и гуэдзэным зэриты хуэдэу.

3. Республикэм и Махуэм хиубыдэу яхуэгъэувын:

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Щэнхабзэмкіэ и министерствэм - щІыхубэм я творчествэм и еплъыныгъэрэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм гуэзджэмкіэ и лэжьакІуэ нэхъыщхьэр зыхэт концертрэ къызэригъэпэщыну;

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Спортымкіэ и министерствэм - пщэдджыжь зарядкэ иригъэкІуэкІыну, апхуэдэу спортсменхэм щІэрыІуэхэр хэту лъэпкъ спорт лІэужьыгъуэхэмкІэ зэхьэзэхуэжьэ къызэригъэпэщыну.

4. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связыжьмкіэ и къэрал комитетым хуэгъэувын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэр Зэхьэхьэм шэнымрэ абы къишьжьынымрэ къызэригъэпэщыну.

5. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым хуэгъэувын Зэхьэхьэм зэрызэхуагъэхьэзырымрэ ар зэрекІуэкІымрэ щІыхубэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ1апІэхэм къагъэлъэгъуэныр къызэригъэпэщыну.

6. Дзэлыкъуэ, Шэрдж, Прохладнэ муниципальнэ районхэм я щІыналъэ администрацэхэм чэнджэщ етын Республикэм и Махуэм хиубыдэу Іыхьапхъэм я уней лъапсэхэр къызэрагъэпэщыну.

7. Къэрал кІуэцІ Іуэхущ1экІэ министерствэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щыІэм чэнджэщ етын Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэр Зэхьэхьэм щыкІуэмрэ къыщыкІуэжымрэ деж езым и лэжьакІуэхэр ящІыгъуныр къызэригъэпэщыну.

8. «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет», «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и чэнджэщ етын Зэхьэхьэм и официальнэ сайтым зыщрагъэтхынымрэ къызэрагъэпэщыну, апхуэдэу Республикэм и махуэр егъэкІуэкІыным хэтыну.

9. Мы унафэр зэрагъэзащІэм кІэпъыпльыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэ - егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ министр Емуз Н. Гъу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1
МУСУКОВ Алий

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм2015 гъэм мэкъуаугъуэм и 5-м кьыдигъэкІа Унафэ №9382-рп-мкІэ къыщІащ

Кавказ Ищхъэрэм и щІалэгъуалэм я «Мэшкьуэ-2015» зэхьэхьэм и лэжьыгъэм хэтын папщІэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и делегацэр гъэкІуэныжмкІэ къызэгъэпэщакІуэ комитетым хэтхэр

Емуз Н. Гъу. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1ым и къуэдзэр - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмрэ щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министр *(къызэгъэпэщакІуэ комитетым и унафэщІщ)*

Апажэ А. Къ. - «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм егъэджэныгъэмкіэ, щІэныгъэмкіэ, щІалэгъуалэм я Іуэхуэмкіэ и министрым и къуэдзэр

Говоров С. А. - Прохладнэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Джатэ Р. Хь. - Дзэлыкъуэ муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Къэзанш Л. Б. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Печатымрэ щІыхубэ коммуникацэхэмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІщ

Къарэмырзэ Б. С. - «Бэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университет», «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессиональнэ щІэныгъэ нэхъыщхьэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апІэм и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэр *(зэгурыІуауэ)*

Къудей А. М. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм Транспортымрэ связыжьмкІэ и къэрал комитетым и унафэщІыр

Къумахуэ М. Л. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Лыхь З. А. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министрыр

Муртазов Б. С. - Щэрэдж муниципальнэ районым и щІыналъэ администрацэм и Іэтащхьэр *(зэгурыІуауэ)*

Ромашкин И. К. - къэрал кІуэцІ Іуэхуэмкіэ министру Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щІэр *(зэгурыІуауэ)*

Фырэ Р. Б. - «Урысейпсо къэрал телерадиокомпание» федеральнэ къэрал предприятэ зэгуэтым и Іуэхущ1апІэм - «Къэбэрдей-Балъкъэр» къэрал телерадиокомпанием и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Хъущт А. В. - Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм спортымкІэ и министрыр

Экономикэ Политикэ

Махуэку

Къавказ Ищхъэрэ Жылагъуэ Іуэху

● Пенсэхэр

Ди жьыгъэр гукъеуэншэкъым?

Урысейм пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр илъэс 63-м нагъэсыну щамурадщ

Нэхъапэм мыбы тепсэлъыхьыр УФ-м Финансхэмкіэ и министерствэм и закъуэт. Иджы Іуэхум хьыхьащ унафэщІ нэхъыщхьэхэри. Правительствэм и Іэтащхьэ Медведев Дмитрий жиІащ: «Пенсэхэм теухуа унафэр къащтэн хуейщ, ГъащІэм и кІыхьагъымрэ и фІагъымрэ къыдальытэу. Мы зэманым ар ику иту илъэс 71-рэ мэхъу - цІыхубзхэм я деж илъэс 76,5-рэ, цІыху-хъухэм - илъэс 65,5-рэ».

Нэхъ щІалэ дыхъуу пІэрэ?

«Пенсэ щагъакІуэ ныбжьыр драгъэкІуеин и пэкІэ щІэупщІэн хуейщ: сыт хуэдиз зэманкІэ цІыхур ирипсэну я пенсэм? Илъэси 10-15-мэ, хьарзэнэщ. Нэхъ мащІэмэ, къезэгъырыкъым - дэтхэнэри хуитщ илъэс куэдкІэ лэжьа иужь зигъэпсэхуну, - жиІэ Лъэпкъ геронтологие центрым и унафэщІ, профессор **Крутько Вячеслав**. - Урысейм цІыхухэр ику иту зэрыпсэур илъэс 65,5-рэщ. Апхуэдэу щыщыткІэ, илъэс 63-рэ и ныбжьу пенсэм кІуэмэ, ильэсситкІэ фІэкІа зигъэпсэхункъым. ЦІыхубзхэм я Іуэхур нэхъыфІыкъым, абыхэм илъэс 13-14 къэпсалъэ. Пэжщ, ГъащІэм и кІыхьагъым хохьуэ. Ауэ зызыужьа къэралхэм хуэмыдэу (абыхэм цІыхуэ ГъащІэм илъэс къэс мазищ къыщыщІегъу) да ди деж абы зэи псынщІэу зыщреч, зэми щыкІэрохуж. Мы гъэм кризисым и зэраркІэ пІэхэм я бжьыгъэр нэхъыбэ хъуащ къалъхухэм нэхъ-рэ. ГъащІэм и кІыхьагъыр зимыхъуэжу Урысейм илъэс 75-76-м щынэсмэ, итІанэ утепсэпыхьх хъунущ пенсэ щагъакІуэ ныбжьым хэгъэхъуэным.

ЖьытІэнщи, мы зэманым щІэныгъэ лэжьыгъэ куэд щыІэщ цІыхухэм я жьы хъукІэм теухуауэ. Ежьагъэшхуэхэм ягъэбелджылаш: зэрыщыту къапщтэмэ, цІыхур нэхъ жьы мэхъу, ауэ и ІэпкъльапкъкІэ нэхъ щІалэщ. Илъэс 60-70-м ит цІыхухэу илъэс 90 зэрырикъуар зыгъэпсэпІэфыныгъэр узынщІэщ, мэлажьэфэ. Псальэм и хьэтыркІэ, илъэс 60 зи ныбжьу Швециемрэ щыпсэуми и узынщагъэр лІэщІыгъуэ ныкъуэкІэ уэзІэбэкІыжмэ, илъэс 50-м ита шведым ейм къыкІэрыхуркъым. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм абы и лъэныкъуэкІэ зыщытхъужьныкъым. Ди къэралым и цІыхухэр пенсэ макІуэ хуабжьу «ешауэ».

Узыншагъэр хъумэныкІэ дунейпсо зэгухьэныгъэм къет: си щхьэ зезымыхьэжьыф жьыкІэфэкІэхэм я бжьгъэм псынщІэу хохьуэ. Я ныбжьыр илъэс 65-м щІигъуауэ Урысейм щыпсэухэм я процент 25-м нэблагъэр псэуфынукъым я Іыхьлыхэр къадэмыІэпыкъу.

Сымаджэхэу икІи къулейсызхэу

Ди жагъуэ зэрыхъунщи, Урысейм ди пенсионер куэд сымаджэ къудейкъым, атІэ икІи къулейсыз дыдэщ.

«Дэ къэтхутащ пенсионерыр зэпэщу псэун папщІэ зыхуеинур зыхуэдизыр. Ар цІыхур псэун папщІэ нэхъ мащІэ дыдэу зыхуейм нэхърэ хуэди 2,5-рэ - хуэди 3-кІэ нэхъыбэ хуэныкъуэщ. Апхуэдизэ хэхъуэ зыІэрыхьэ пенсионерхэр ди къэралым щымащІэ дыдэщ. Абы къокІ санаторхэм мыкІуэфынэу, хущъхуэфІэкІэ хуэныкъуфынэу, къэуат зыщІэпІэ ерыскъыкъэр ямышхыфынэу, я Іыхьлыхэм я деж лъагэунЛъагэу мыкІуэфынэ», - жиІэ Псэуклэр зыхуэдэмкІэ центрым и унафэщІ **Бобков Вячеслав**.

Урысейм Статистикэмкіэ и къэрал комитетым къызэритамкІэ, 2014 гъэм зи ныбжьыр илъэс 60-70-хэм ит цІыхухэм я процент 1,6-рэ, кинотеатрым, процентэ 2,7-рщ - театрым, процентэ 2-щ кафем е ресторанымкІуэфар, процент 13-рщ дунеяпІэ зэ мыхъуми щыІар. Китай, япон е американ жьыкІэфэкІэу минхэм Москва и Кремлым е Рим зыщапІпыхь, доминиканэ курортхэм я нэгу зыщрагъэужь. Абы папщІэ къарви, узынщагъи ахъши яІэщ, - жиІэ Социолитикэмкіэ институтым и унафэщІ **Смирнов Сергей**. - Дэ ди пенсионерхэм ягъуэр зыгъэфІыр хадэрщ. Узэхэр къеныкъуэкъу пэтми, кІэртІоф, пхъы ящІэ, я къуэрпІхъу-пхъурыльхуэхэм якІэлъопІэ, я пенсэ мащІэ дыдэми я бынхэм зэрадэІэпыкъуну ахъшэ къыхагъэкІыф».

«ГъащІэм и кІыхьагъымрэ фІагъымрэ быдзу зэпыщІащ, - жиІэ Крутько Вячеслав. - Ягъэбелджылащ: гъащІэм и кІыхьагъыр зэрыпытар къэралым сымаджэщу щыІэр зыхуэздизыркъым, атІэ цІыхухэр зыхуей ягъуэту зэрыпсэурщ. Урысейм и Іуэхуэр щынэхъыфІя зэманым цІыхухэм нэхъыбэ яІэрыхьэрт. Ахэр нэхъыфІу шхэрт, зыгъэпсэхуакІуэ кІуэфырт. Кризис кІыхьэрыхьу гугъуехьхэм хэхуащ, лІэхэр нэхъыбэ хъужащ. ЦІыхухэм псэуклэфІ яІэнырщ къэралым и унафэщІэхэр зыхуэцІэкІыжкІэ, дэ лимонныкІ хуэдэу псы псори къыгъэщІахуу зыхуэмеижк и фэу дыхьифІадзэжьну я мурадщ».

БОГДАНОВЭ Татьянэ.
«Комсомольская правда»

Щыгъупщэх щІэхъуар сыт?

● Хэхъуэ

Хабзэу зэрыгъэувауэ, «АиФ»-м илъэс къэс къытредзэ кулыкъущІэхэмрэ депутатхэмрэ къата декларацыхэм ятеуху хъыбархэр, нэхъ къулей дыдэу къыщІэкІауэ 100-м я щІэ-унэщІэхэр хэлъщІыну ещІ. Иджыри аращ. Ауэ гущІэгъуэнращи, кризисым дит пэтми, абыхэм ящыщу мылъкушхуэ зыбгъэдэлъхэр нэхъ мащІэ хъуакъым.

ИЛЪЭСИТХУКІЭ уэзІэбэкІыжмэ, къэралым щыяпэ дыдзу ди газетым къытридзащ властыр зыІущІэльхэмрэ депутатхэмрэ я унагъуэ нэхъ хуэщІа дыди 100-м я Іэрыхьэ хэхъуэхэр зыхуэдизыр. Дэ мыпхуэдэ тхыгъэхэм фІэтщащ «Унагъуэр жылагъуэм и абгъуэщ» псалъащхьэр. Сыт щхьэкІэ? ЦІыхубэм я лІыкІуэхэм я мылъкур езыхэм я мызакъуэу, дыщэхэр къызыпыщІащ (языныкъуэхэм я деж ар пэж дыдэщ) я щхьэгъуэсхэми я Іэрыхьэ хэхъуэхэр зэхэлъхьажауэ къэльытэн хуейщи. Щэм бюджетыр текгуэшэным теухуа унафэ къыщыщІэтэ, адрейм унагъуэ мылъкур щІигъабгъуэ унагъуэр жылагъуэм и абгъуэ хэхъуэпсэгъуэ дыдэщ. Зэрыпхуигудын щыІэкъым.

Сыт атІэ тлъагъур? Зи гугъу тщІы гуп дыгъэлъим ящыщу нэхъ «кулейсыз дыдэм» илъэс и пэкІэ хэхъуэу иІар сом мелуан 80-м щІигъу щытамэ, 2014 гъэм ар мелуанищэм нэсащ. Кулей дыдэхэм яхэтщ ищхьэкІэ щыІэхэр щІыналъэ унафэщІэхэр. Зи гугъу тщІы гупым хэтщ Къэрал Думэм и депутату 19, федеральнэ гъэзэщІакІуэ властым щыщу 11, сенатору 6 къудей. Ауэ щІыналъэ хабзэгъэув къудамэхэм я депутатхэр 55-рэ мэхъу, губернаторхэм, абыхэм я куэдзэхэм, мэрэкэмрэ вице-мэрэкэмрэ я бжьыгъэр 10-м нэзэрохьэс. ЩІынаЛъэ депутатхэр зэрыпсэуфынымрэ щолажьэ зэзэмызэ фІэкІа емыкІуалІэу, ахэр илъэсыпІэкІэ бизнесым куу дыдэу хэтщ. Щэм я пашэ хъуащ Мордовием щыщ депутат Сиушов Сергей, иджыблагъэ зи цемент Іэхуэщ-Іапілэр зыщэжьар. Илъэс и пэкІэ щхьэрыхьар сом мелуан 64-рэ «къудейти», ар гуп дыгъэлъим хэхуатэкъым. Иджы мис...

Ауэ мы гъэми мащІэкъым я хэхъуэхэмрэ мылъкымрэ зыхуэдизыр къэзыгъэльагъуэ декларацыхэм я щІыналъэ щІыналъэ унафэщІэхэм. УкІытэу пІэрэ къэдгъэльагъуэ гупым хьыхьэн? ЖьытІэнщи, Къэрал Думэм дыкъыщагъэгугъащ декларацэ зымыта дэтхэнэ депутатри мандатым пызыгъэкІыну проект къащтэну.

«Аргументы и факты».

Дуней щэху

● Іуэху еплъыкІэ

Декларацэхэр куэдыкІейщ, ауэ сыт абыхэм я мыхьэнэр?

ЯПЭЩІЫКІэ ахэр зэштегъуэуэ дыздэжь тхьлъу щытащ: гъэщІэгъуэнт хэт сыт хуэдэ фэтэр е автомашинэ иІэми зэбгъэщІэну. Ауэ Іуэхум зэуэ зэхъуэж, илъэс зыбжанэм тещІыхьа хъыбархэр зэбгъапщэмэ. А зэманым къриубыдэу зи улахуэм ирипсэу цІыхухэм зэуэ уардэунэ къыщхэумэ, узІэмыупщІэнкІэ Іэмал иІэкъым: дэнэ ахъшэ къызэрарщ. Ауэ итІани къэлэнхэр къонэж. Жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм гугъу дехьыпІэрэ зэхуахьэс а чъыбархэр къызыбгъэдэкІын хуейр къэралырщ. Коррупцэм пэщІэтынымкІэ лъэпкъ планым къыщыгъэлъэгъуащ зыуэ щыт электрон лъабжьэ къызэгъэпэщыныр, ауэ ар зэфІэгъэувэныр кІыхьлІыхь мэхъу. Нэхъапэхэми хуэдэу, декларацэхэм я зэхэлъхьэкІэми арэзы укъэщІимыщІ къэдгъэкъуэу. Федеральнэ къулыкъущІэхэм я деж-кІэ ар убзыхуащ, абы итын хуей хъыбархэр уалъэмыІэсыфыну щагъэпэщкІу къэхъуми. Ауэ щІыналъэхэм декларацэ зэрызэхалъхьэ хабзэр здыхуей дыдэмкІэ щаІуантІэ.

Псальэм и хьэтыркІэ, нэгъабэ щІыналъэ хабзэгъэувэ зэхуэсхэм я депутат 700-м щІигъуи езыхэм я зэхъуэхэр зыхуэдизыр я къагъэльагъуакъым. Абы щыгъуэми, щыІэщ зи депутатыгъэр (улахуэ ирамытми) езым и бизнесым егъэщІыІлауэ къэзыгъэсэпэб цІыхухэр. Апхуэдэу дэ дыщыгъуазэкъым ящыныкъуэ къулыкъущІэхэм я щхьэгъуэз кІуелейхэм я ІуэхущІафэхэм: ягъэрейхэр хэмыльІыхьу пІэрэ абыхэм я мылъкур бэгъуэным? А псоми къадэкІуэу, декларацэхэм я щыщагъэльагъуэркъым налкъутхэр е дыщэхэкІхэр, сурэтыщІ Іэзэхэм я Іэдакъэщ Іэкхэр. Ахэр я фэтэрхэм нэхьрэ нэхъ лъэпІэу къыщІэкІынкІэ хъунущ...

Ауэ псом нэхърэ нэхъ дызыгъэпІейтейр зрегъэщІкІуа хэхъуэхэмрэ мылъкумрэ папщІэ закъуэтІакъуэм фІэкІа жьэуап зэрымыхьырщ. Я нэхъыбэм деж «тезыр нэхъыщхьэ дыдэу» щытыр я къулыкъым трагъэкІыныр щ. Уголовнэ жэуапым и гугъу тщІыхьэнкъыми, ди къэралым щыІэкІуэ хабзэм Іэмал къарет апхуэдэ мылъкур къыІахьыну. ЩІыдгъэужьнщи, ящыныкъуэхэм деж дэ тщІэрэкъым дзыхь зыхуэмыщІыжыр хэтми! Ар тщІэн хуейщ - апхуэдэ цІыхум дзыхь хуэзымыщІыжыр и унафэщІым и мызакъуэу, зэрыщІту жылагъэрщ.

ЖВИРБЛИС Андрей,
Транспереси Интернешнл - Урысей» центрым и унафэщІым и къуэдзэ.

● Щэпхъаджащэхэр

Къулейхэр икІи ямыубыдыфхэр

Камбоджэм кърашыжри, Урысейм къашэжащ щІэпхъуэжауэ щыта хьэрычэтыщІэ Полонский Сергей. Ауэ щхьэ и закъуэ? Адрейхэр яхуэмыубыду ара?

КИТАЙМ къэралым икІуэсыкІа къулыкъущІэхэр тыншу зэрызыІэрагъэхьэжьыф Іэмал зэмылІэужьыгъэхэр къыщагъэсэбэп. Нэгъабэ и закъуэ апхуэдэу щэ зыбжанэ къигъуэтыжащ. Ди деж абы и лъэныкъуэкІэ Іуэхур куэдкІэ щынэхъыкІэщ. Нэхъыбэу къашэжьыф мылъкушхуэ егъэлея зыбгъэдэмылъ пцІыІуэпцІышэрщ. 2013 гъэ лъандэрэ дунейм псом къыщалъхьэуэ **Полонский Сергей** нэхъ «бдзэжьешхуэ» дыдэу къыщІэкІынущ. Ауэ зэрагъэхъыбарымкІэ, ар ди къэралым къратыжынымкІэ щІэгъэкъуэн къахуэхъащ абы къиГъэпцІа и лэжьэгъуахэр...

Куэд щІауэ нэгъуэщІ къэралхэр и хэщІапІэщ НТВ-р къызэзыгъэпэща **Гусинский Владимир** - ар къэралым икІуэсыкІащ 2000 гъэм. Лъэхъэщым ирадзауэ щытащ, хьэгъэщагъэ зэрихьауэ къалъытэри. И пІэ исыну Іэ трырагъадзэри яутІыпщыжащ, иружькІэ щэпхъэжьажащ. 2003 гъэ лъандэрэ Израилым зыщегъэпэщкІу «Юкос»-м и унафэщІхэм ящыща **Невзлин Леонид**, Австриемрэ щопсэу «Башнефтым» и Іэтащхьэу щыта **Рахимов Урал**, а компаниемрэ акцэхэр хабзэншагъэкІэ зыІэригъэхьауэ ягъэхъуанщэр. «Мастер-Банк» Іуэхущ1апІэр зейуэ щыта **Булочник Борис** зэм Израилым зэми Украинэм щыІэу я гъэхъэшыр. Ар еэым и банкым и бжэ щэхукІэ щІэкІуэсыкІащ, сом мелард 17 зыІэщІитхъэхъа иужь.

Инджылызым щопсэу Москва и Банкым и унафэщІу щыта **Бородин Андрейрэ** сенатору лэжьа, «Межпромбанкыр» зея **Пугачёв Сергейрэ**. Ауэ Урысейм и хабзэхъумэхэм яхуэзэфІэкІащ а тІур гукъыдэжьыншэу къагъэнэн. 2012 гъэм Бородин и счётхэр щыІэхуащІащ Швейцариемрэ Белгиемрэ, Люксембург я банкхэм. Пэжу, ар абы зэран хуэхъуакъым, Инджылызым политикэ хэщІапІэ къыщратыным. Пугачёв и счётхэри Британиемрэ щыІэхуащІащ икІи абы щыжрагащ ящыпкІ ягъэ ирагъэкІынунр.

Ауэ и хэкур и лъагъужьыну нэхъ Іэмал зиІэр Пугачёвыр къыщыІ, атІэ Москва областым финансхэмкІэ и министру щыта **Кузнецов Алексейщ**, сом мелард куэд зыкІэщІиупщІауэ ягъэкъуэншэрщ. Урысейм икІуэсыкІри, ар 2008 гъэм США-м кІуащ, ауэ 2013 гъэм Франджым щыубыдащ. Иджыблагъэ Париж унафэ къыщтащ ар Урысейм къыритыжынымкІэ теухуауэ. Ауэ ар къыщыхъунур белджылыкъым. Мыбдежым я Іуэху къыщокІ кІуэсахэм. ПІалъэ кІыхькІэ зыпхуэгъэпщкІуфмэ, уэ птеухуауэ Урысейм къыщалэта уголовнэ Іуэхур зэхуащІыжынущ, и пІалъэр икІынурэ. Псальэм и хъэтыркІэ, зэщІыныгъэ кърата доллар мелардитІыр ди къэралым зыхуигъэгъуа, УФ-м финансхэмкІэ и министрым и япэ къуэдзэу щыта **Вавилов Андрей** хуэдэу.

Генерал-лейтенанту МВД-м къыхэкІыжа, юстицэ щІэныгъэхэм я доктор **Гуров Александр** жиІэ:

- ЩІэпхъаджагъэ ялажьауэ щэч зыхуащІэкр УФ-м къыщрамытыжыр нэхъыбэщ абыхэм я къуанщагъэр фІэкІыпІэ имыІэу зыщІэбелджылыф тхьылъэр нэгъуэщІ къэралхэм зэрыІрамыгъэхьэм и зэранкІэ. Ауэ нэгъуэщІ щыхьэсыгъуэ щыІэщ: Урысейм ящыщ щыхьэщІэлъхэр хуеи щэкъым мылъку зэхъдыгъэсэпІэхэр псоми ялъагъуэ суд пащхьэм хьихутэну: жамыІапхъэ жалэнкІэ хъунущ - ахэр езыхэм ящыщІауэ щытащ зыгуэркІэ. ИтІанэ сэтей къэхъунущ иджыпрей кулыкъущІэхэм мылъкур зэхэдгъэзыныкІэ къагъэсэбэп Іэмалхэр. Араущ, кІуэсахэр къамышэжьным псоми я фейдэ хэлъщ.

ПОРОШИНЭ Маринэ.
«Аргументы и факты»

● Осетие Ищхъэрэ - Алание

Зыр токІ, адрейр тохьэ

УФ-м и Президентым и полномочнэ лыкІуэу Кавказ Ищхъэрэ федеральнэ щІыналъэм щыІэ Меликов Сергей Правительствэм и Унэм щагурыІуэныгъэ Осетие Ищхъэрэ-Алание республикэм и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзэщІэну Агузаров Тамерлан. ИлъэсипщкІэ а къулыкъур зыныГъа Мамсуров Таймураз текІащ.

Псоми я нэІуасэ

И къулыкъуми щыпэрыхьа япэ илъэсым къыщыщІдзауэ тетыху Мамсуровым хужаІэрт текІыну. Ауэ ар зэи пэжу къыщІэкІакъым. Мэкъуаугъэуэм и 5-ращ Урысейм и Президент Путин Владимир ар зэзэхъуэкІыну щ цІыхур къыщыгъэльэгъуащ. И щхьэусыгъэри къызэрыгъэкІыр: Мамсуровым и полномочиехэм я пІалъэр ихуащ.

Мэкъуаугъэуэм и 6-м республикэм и Іэтащхьэу щытам властыр Іэщ1ильхьащ езым и пІэ иувэнум. Меликовым жиІащ Агузаровыр республикэм зэрыщыщІэрыІуэр: прокуратурэм щыпэжьащ, Осетие Ищхъэрэ-Аланием и парламентым и депутату, Суд Нэхъыщхьэм и унафэщІу щытащ, мы зэманым Къэрал Думэм хэтщ.

Тамерлан а къулыкъур пІалъэкІэ зэрихьэнущ республикэм и Іэтащхьэу хахыху. Хэхыныгъэхэр щекІуэкІынур фокІадзэм и 13-рщ. Унафэр къэзыщтэнур Осетие Ищхъэрэ-Аланием и парламентыщ.

Мамырыгъэм нэхърэ нэхъыщхьэ щыІэхъым

Мамсуровым зытета къулыкъур Іэрыхьащ 2005 гъэм Беслъэн къыщыхъуа гуауэшхуэм и ужькІэ. «Абы щыгъуэм щытыкІэр хьэлъэт, жылагъэр къызэщІэплъат, - игу кьегъэкІыж тхыдэ щІэныгъэхэм я доктор, Тхьэдэмрэ арехеологиемкІэ и институтым и унафэщІ Баров Руслан. - Мамсуровым зэпэщэчауэ ирагъэкІуэкІа политикэм и фІыгъэкІэ щытыкІэр зэпІэзэрыт хъужащ».

Иджы псоми: зи къулыкъым текІам и телъхьэсхэм, абы текъуэщІыхьу щытахэми къагъэльагъуэ щ1ынальэм мамырыгъэр зэрыщыбыдэр Мамсуровым куэдкІэ зэрифыгъэр.

Апхуэдэу щытми, зэфІэгъэкІын хуейхэр мащІэкъым. Мыбы Іэхуущ1апІэ инхэр щауэхуакъым. ВПК-м и завод куэдыкІейуэ зи Іэщ1агъэм кууэ хэзыщІкІ цІыху минхэр щылажьэу щытахэр щІэжькъым. ЩІы зэхущытыкІэхэр зэхэзэрыхьащ. Нэрымылъагъу экономикэм зеубгъу. Мэкъумэш хозяйствэм зиужьыным щыгугъыжьыхэхэркъым. Республикэм телъ къэрал щІыхуэм зеІэт, езым и хэхъуэхэр и пІэ ижьыхащ, «Сэ къызолъытэ блэкІа лъэхъэнэм дэ Іэмал куэд зыІэщІдгъэкІауэ, - жиІэ республикэм и парламентым «Урысейм и патриотхэр» фракцэм и цІэкІэ и депутат Куловэ Маргаритэ. - ЩІыналъэ куэдым псынщІэу зауэж, экономикэ зэпыщІэныгъэхэр зэхуагъэувэ. Дэ ди деж щыпІьгъунур бизнес курытымрэ мащІэмрэ тІэкІу зэрызыщиужьарщ. Іуэхухэр зэхэзэрыхьащ, республикэм зэпымыІууэ щІыхуэхэр къищтэн хуей мэхъу».

Осетие Ищхъэрэ-Аланием и Іэтащхьэм и къалэнхэр пІалъэкІэ зыгъэзащІэ Агузаров Тамерлан игъэбелджылакІэщ нэхъ зытриГъэщІэнуэр: республикэм и экономикэм зиужьынукъым инвестицэхэр хамылъхьэу.

БУНТУРИ Тамарэ.
«Аргументы и факты»

ПлІанэпэр зыгъэхьэзырар ШАЛ Мухьэмэдщ.

Босфор и азие лъэныкъуэмкІэ щытщ Кулели дзэ лицейр. Ар 1845 гъэм яухуащ. *Сурэтыр* **Къарей Элинэ** *трихащ.*

● Ди сурэттехыр Истамбыл къыкІыжащ

● Шыгъажэ

Псори ди деж къыщонэ

Тхьэмахуэ махуэм Налшык ипродромым щекІуэкІа шыгъажэм и саугъэтхэр (япэ категорие зиІэ щууэй Унэшхуэлі А. и фэеплъ саугъэтымыщІа) Къэбэрдей-Балъкъэрым къыщынащ. Шыгъажэр апхуэдизу гъэщІэгъуэнти, абы еплъахэм дзрэжьагъуэ зэрагъэтам, уеблэмэ зэрригъэгушхуам шэч хэлъкъым.

ШЫГЪАЖЭР къызэІуахащ Урысейм и махуэм и саугъэтым щыщІэбэна зэпеуэмкІэ (метр 1800-рэ). Абы республикэм и Парламентым сом мин 50 хуэхьат. А зэпеуэм екІуу икІи псори дихьхэауэ бжьыпэр щиубыдащ «Налшык» хьэлэ заводым и шыгъажэш Симеон. Тренерыр Балъкъэр Хьусенщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Пщыкі Ахьмэдщ. ЕтІуанэ увыпІэр лІысащ Сэркрэ Заур и шыгъажэш пцІагъэуэпІъ Къан.

Унэшхуэлі Аэрэт-Алий и феепІъ саугъэтым щІэбэна шыгъажэшхэм метр 1000 гъэугуанэр къапэщылът. Фигу къэдгъэкІыжьищи, Тыркум шыгъажэ школыр къыщиухыу 2000 гъэхэм и пэщІэдзэм шыгъажэм кІыхьхьа, Москва, Псыхуабэ, Налшык ехьулІэныгъэхэр щызыІэрызыгъэхьа, лъагэпІощІэхэмкІэ зыщыгугъ шууей лъэщ, цІыху гъэзэджэр 2010 гъэм и жэпуэгъэм машинэ зэжьэхуэм хэкІудащ.

УнэшхуэлІым и фэеплъым пщІэ хуащІу яГъэуа саугъэтыр, адрейхэм зэрефІэкІыр кІыхьагъэуэ, текІуэныгъэ зыІэрыгъэхьащ. Ингушым щыщ Зязиков А. и шыгъажэш пцІагъэуэпІъ Зиусхэр. Ар къигъэжащ мастер-шууей КІыщ Олег, тренерыр Щоджэн Іэдэмщ.

Габр хакІуэм и саугъэтым щыщІэбэна шыгъажэм хэтащ инджьлыз-адыгэ шы лъэпкъ гупым щыщ илъэсищ зи ныбжь шыгъажэшу 7. Метр 1600-рэ гъэугуанэр япэу къызэпичащ шыгъажэш пцІэгъуэпІъ Бирюса. Тренерыр Нэгъуей Алимщ, ар къигъэжащ мастер-шууей Пэнжокъуэ Рустам.

Саугъэт нэхъыщхьэм - Гъэмахуэ лъэхъэнэм и саугъэтышхуэм (Бахъсэн кьалэм и щІыхькІэ) - и шыгъажэ зэпеуэрт кьыкІэльыкІуэр. Абы Бахъсэн администрацэм сом мини 100 хуэхьат. Метр 1600-рэ гъэугуанэм къыщыІэздзэщащ хакІуэу 8. Куэд пэмыльъауэ абы бжьыпэр щиубыдащ Малкэ шы заводым и хакІуэ Затойчи. Мастер-тренерыр Вэрокъуэ Вячеславщ, ар къигъэжащ мастер-шууей Пэнжокъуэ Рустам.

Шыгъажэм и нэхъ дахэт Элитэ саугъэтым (Іуащхьэмахуэ щІынальэм къыбгъэдэкІыу) щыщІэбэна зэпеуэр (метр 2400-рэ). И хэрхуэрэгъуэкм ефІэкІыу гъэугуанэр псынщІэу къызэпичри, текІуэныгъэр зыІэригъэхьащ Сэкрэк Заур и шыгъажэш Рут Чейзер. Ар къигъэжащ мастер-жюкІ Къэжэр Алим, мастер-тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ.

Тэрч куэйм хьихьэ Хьэмидей кІуэжьм и саугъэтым щІэбэнэжэн километритІ гъэугуанэр къызэпачащ. Абы щытекІуащ Сэкрэкхэ я шы заводым и шыгъажэш Бельграно. Мастер-тренерыр Бахъуэ Мухьэмэдщ, къэзыгъэжар мастер-шууей Къэжэр Алимщ.

КъыкІэльыкІуэ зи чэзу шыгъажэр Налшык ипродромым мэкъуаугъэуэм и 21-м щекІуэкІынущ.

УАРДЭ Жансурэт.

Нэхъ лъэщыр Къэхъун щызэхэкІакъым

● Футбол

Пашэжьэм я зэІущІэр сыт щыгъуи удэзыхьэхщ. Апхуэдэу щытащ тхьэмахуэ кІуам Къэхъун щызэхэтари.

Зэхьэзэхуэм бжьыпэр щызыІэтыгъ хэгъэрейхэм ирагъэблагъат топ дагъэкІаехэмрэ къыхудагъэкІаехэмрэ я зэхущытыкІэмкІэ фІэкІа къапимыкІыт Бабугент и «ЛогоВАЗ»-р. Мы зэІущІэм щытекІуэм пашэныгъэр и закъуэу къыхуэнэрт.

Къэхъуэдэсхэм джэгур хуабжьу жьыдэжру ирагъэжьащ икІи дакъикъэ пщыкІутху дэкІуэу арат бжьыгъэр къыщыщІэІуахам. Абыхэм я гъащІэхъэхъумэхэр мыгъэрей зэхьэзэхуэм зэрынэхъ лъэщ дыдэр къэпльытэмэ (иджыри хэсэ топих къыхудагъэкІауэ арат), ущыгугъ хъунут адэкІэ тепщэныгъэр ямыутІыпщІыну. АрщхьэкІэ «ЛогоВАЗ»-м и гъащІэхъэхэри гупым щынэхъыфІхэм ящыщу икІи «Автозапчасть»-м ейхэм я закъуэщ нэхъыбэрэ къыхэжьанык1эр. Абыхэм я яхуэзэфІэкІащ «Къэхъуным» и гъуэр зэкІэпльхьэужьу ТІэунэйрэ хагъэщІэн. Пэжщ, абы и пэкІэ «ЛогоВАЗ»-м пенальтир къыхуэгъэсэбэпакъым, хэгъэрейхэм я гъащІхьэтетым топым къригъэгъаззри.

Загъэпсэхуну имыкІ щІыкІэ, «Къэхъуным» бжьыгъэр зэхуэдэ ищІыжащ. Абы и гъащІхьэуэ нэхъыфІ ШащІэ Беслъэн метр пщыкІуэым и деж щыту кьыхэжжанык1ащ.

Дэжэгум и етІуанэ Іыхьэри хэгъэрейхэм я ебгъэрыкІуэныгъэ лъэщхэмкІэ къыщІидзащ. Дакъикъэ зытІущ дэкІуэу арат ахэр аргуэру япэ щищам. Зи чэзу топыр Шащ1эм дигъэкІащ.

Бабугент къикІахэм абы я тІэр щигъэхуакъым. Ахэр я къару къыІэрихьІкІ и пэкІэ кІуатэрт. Псом хуэмыдэу жант Щауей Іэмыирхъан. Араущ аргуэру бжьыгъэр зэхуэдэ зыщІыжар.

Иджы къэхъундэсхэм псори щІэрыщІэу къыщІадзэжьин хуейт. Ар абыхэм яхуэзэфІэкІащ икІи ещанэу япэ щищам Іэхуур зэфІэкІауэ къудым къащІыхьуат. АрщхьэкІэ къэнэжа зэман кІэщІым «ЛогоВАЗ»-м кІэух бжьыгъэр 4:4-м хигъэкІуауэ.

Пашэжьм очко тІурытІ зэрафІэкІуэдар кьигъэсэбэну, «Автозапчасть»-м бжьыпэр иубыдыфну щытащ. Ауэ ар «Къэбэрдейм» пэлъэщакъым икІи ещанэ уВыпІэм зэкІэ къыщынащ.

КъБР-м футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэхэм мы гъэм щекІуэкІ зэхьэзэхуэм гу зылъытапхъэ нэгъуэщІ Іуэхугъуэ къыщыхъуащ - пэщІэдзэ джэгугъуэ пщыкІуэым зэкІэлъхьэжьу къыщыхагъэщІа иужькІэ, япэ текІуэныгъэр кьехъуІащ Псынэдахэ и «Родник»-м. Шэджэм и «ЩтаччыР» бжьыгъэшхуэ дыдэкІэ зэрыкиГъэщІам ар дяпэкІэ нэхъ тегушхуэну гугъэ уегъэщІ.

Етхуанэу зэкІэлъхьэжьу фІахьащ «Нартым». Абы и зэранкІэ, мазэ и пэкІэ пашэхэм яхэта нарткъалэдэсхэр, иджы ебланэ увыпІэм нэх кьекІуэтэхащ.

Пчащхьэуэхэм я зэпеуэри зэхьэзэщІэпльэжащ. Зэхьэзэхуэм и пэщІэдзэм къэдрэ къыхэжаныкІыу япэ ищащ Хьэбылъ Алим («Автозапчасть») хуэм-хуэмурэ пэщІэлъхьэжьу КъБР-м и иужьрей чемпионатищым икІи иту топ щ1ы нэкъуэ-щ1э нэкъуэ щыдзэжьащ. Шащ1э Бахъсэн («Къэхъун»). Иджы бахъсэндэсыр япэ зэрытыжьыр топийщ.

АдэкІэ щыгъуазэ фахуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм хэт командэхэм иужьу ирагъэкІуэкІа джэгугъэхэм къыкІуэ бжьыгъэхэм: «**Автозапчасть**» (Бахъсэн) - «**Къэбэрдей**» (Шэрэдж Ищхъэрэ) - **2:2**, «Велес» (Къэрэгъэш) - «**Бедик**» (Арщыдан) - **3:2**, «**Родник**» (Псынэдах) - «**Щтачч**» (Шэджэм) - **8:3**, «**Тэрч**» (Тэрч) - «**Спартак-Д**» (Налшык) - **1:4**, «**Союз**» (Налшык) - «**Нарт**» (Нарткъалэ) - **3:2**, «**Кэнжэ**» (Кэнжэ) - «**Бахъсэн**» (Бахъсэн) - **2:1**, «**Псыгунэу**» (Псыгунэу) - «**Шэджэм-2**» (Шэджэм ЕтІуанэ) - **4:1**, «**Къэхъун**» (Къэхъун) - «**ЛогоВАЗ**» (Бабугент) - **4:4**.

НыбжьыщІэхэм я зэпеуэм, нэхъапэхэми хуэдэу, Нарткъалэ и «Нартым» пашэныгъэр щиІыгъ. Абы очкоитхукІэ кьыкІэроху «Автозапчасть»-мрэ «Шэджэм-2»-мрэ.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

	Командэхэр	Дж.	Къ.	З.	Фі.	Т.	О.
1.	«Къэхъун»	12	9	3	0	45-10	30
2.	«ЛогоВАЗ»	12	9	3	0	49-19	30
3.	«Автозапчасть»	12	9	2	1	53-18	29
4.	«Кэнжэ»	12	7	1	4	39-32	22
5.	«Союз»	12	7	1	4	34-22	22
6.	«Бахъсэн»	12	6	2	4	18-26	20
7.	«Нарт»	12	6	1	5	33-26	19
8.	«Къэбэрдей»	12	5	4	3	27-24	19
9.	«Бедик»	12	5	2	5	21-21	17
10.	«Велес»	12	5	1	6	30-44	16
11.	«Спартак-Д»	12	5	0	7

● Дунейпсо Адыгэ Хасэ

Зэхуэсыщхуэм зыхуагъэхьэзыр

ДУНЕЙПСО Адыгэ Хасэм и хасащхьэм хэтхэм я зи чэзу зэIущIэ щэбэт кIуам Налшык къалэ щекIуэкIащ. Абы и лэжьыгъэм хэтащ хамэ къэралхэм, Къабэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим, Краснодар крайм щылажьэ Адыгэ Хасэхэм я лЫкIуэхэр. Апхуэдэуи къарагъэблагъащ КъБР-м и Iэтащхьэм и Администрацэм и Управленэм и унафэщI **Къуэжей Артём**, КъБР-м Граждан жылагъуэ Iэзхущ1ап1эхэм ядэлэжьэныкIэ лъэпкъ IэзхуэхэмкIэ и управленэм и унафэщI **Кlуражын Анзор**, ДАХ-м и Чэнджэщакlуэ советым хэтхэу **Нэхущ Заурбий**, **Дзэмыхь Къасболэт**, **Ажахъуэ Къанщобий**, УФМС-м и къудамэу КъБР-м щыIэм и лэжьакIуэ **Iэрэмысэ Анзор**, филологие щIэныгъэхэм я доктор, Гуманитар къэхутэныгъэхэмкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр институтым адыгэбзэмкIэ и къудамэм и унафэщI **Бищlо Борис**, Адыгэ къэрал университетым и профессор, филологие щIэныгъэхэм я доктор **Абрэдж Ачердан** сымэ, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэр къызэIуихащ икIи иригъэкIуэкIащ ДАХ-м и тхьэмадэ **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. Абы и пэублэ псалъэм къыхигъащ хасащхьэм и лЫкIуэ гупыр КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий зэрыхуэзар, ДАХ-м и Iуэху зытетымрэ зиужь ит Iуэхугъуэхэмрэ зэрыхуаIуэтар, езыми Хасэр властым и дзIэпыкъунигъэ щыхуэйкъм деж закъыщигъэкъуэну къызэригъэзыгъар.

ДАХ-м и хасащхьэм хэт **Губэщ1ыкI Владимир** япэу тепсэлъыхьащ Сирием къикIыжу хэкум къэIэпхъуэжа ди къуэшхэм ящыщу гулъытэ гуэр зылъымыса зыри къызэрымынар. АбыкIэ щIэгъэкъуэн хъуащ ДАХ-ри, КъБКъУ-ри, республикэм и унафэщIхэри, къызэрыгуэкI цIыхухэри.

- Уни, лъапси, мылъкуи афIэкIуэдауэ хэкурысхэм ящыгугъуеу ди лъахэм къэзыгъэзэжа ди къуэшхэм яхэтщ щIэныгъэфIэхэр зиIи, Iэщ1агъэ зимыIэххи. Къап1щэмэ, ди республикэм унагъуэ щхьэхуэу щытIысыжащ унагъуи 100 хуэдизу. Абыхэм я нэхъыбэм я Iуэху хъарзынэу докI, куэд лэжьапIэ уващ, я сабийхэр школхэм щIагъэтIысхьащ, - пищащ Губэщ1ыкI. Iуащхьэмахуэ, Шэрджэ щыналъэхэм нэмыщI ахэр игуэша хъуащ ди хэгъэгум и адыгэ щыналъэ псоми. Ди къуэшхэм яхэтщ езыхэм я мылъкукIэ унэ къэзыщэхуу Iэпхъуэжахэри, ауэ хэкурысхэм я фIыгъэкIэ, абыхэм зэхуаIэса ахъшэкIэ унэ къыхуащэхащ унагъуэ 61-м. Зэи уэзрымыса щIыпIэм ущетIысэхкIэ, занщIэу псэуа уэзрымыхъунур псоми къыдгуроIуэ. Абы и лъэныкъуэкIи дэIэпыкъуэгъу дохъу, нэхъ хуэмыщIагъэм я Iуэху зэрыдэдгъэкIын иужь дитщ. Иджыри унагъуэ 14 хуэдизу санаторэм къыщIэнащи, абыхэми я Iуэхур и кIэм нэсыным куэд кьэнжакъым.

Бырсекъуэ Орфан жиIащ экум къэIэпхъуэжа ди къуэшхэр шхынкIэ, щыгъынкIэ, хущхъуэкIэ зэи гугъуехь зэрыхэмытар, абы щхьэкIэ хэкурысхэм фIыщIэшхуэ зэрахуищIыр. Нобэкlэ щыIэ гуныкъуэгъуэ нэхъыщхьэу къиГъэлъэгъуар къиззэрыкIуэжьи Гъуэгупщ1эрэ тхыльрэ ямыIэу Сирием кьина адыгэхэм я Iуэхур зэрыхэплъэгъуэрщ. Кьищынэмыщ1ауэ, Орфан зытегуэзвыхьхэм ящыщщ Урысейм къэIэнхъуэжхэм урысыбзэр ящIэн хуейуэ къызэрыхуагъэувыр. Ар куэд щIауэ зи гугъу ящI кьиинщ, ауэ къэрал унафэм зэхъуэкIынытгъэ апхуэдэу занщIэу хэплъхьэныр тыншкъым.

Къэбэрдей Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, ДАХ-м и Гъэзэщ1акIуэ гупым хэт **Хьэфыщ1э Мухьэмэд** зэпкърыхауэ кьиргъэлъэгъуащ иужьрей илъэсищым и кIуэцIкIэ зауэм кьрихужьа ди къуэшхэм папщIэ ДАХ-м зэфIигъэкIа Iуэхугъэмрэ унафэщIхэм зэрызыхуагъэзэхэмрэ. Ар кIэщIу кьытеуыв1ащ СХьР-м щекIуэкI Iуэхугъэ иджыпсту зэрыхэплъэгъуэр, хэкум къэIэпхъуэжахэмрэ дяпэкIэ къэшэжьын хуейхэмрэ папщIэ дэIэпыкъуэгъу хъуну УФ-м и Президент Путин Владимир лъэIу тхьапэкIэ зэрызыхуагъэзэнур.

Урысейми хамэ къэралхэми щыIэ Адыгэ Хасэхэм я лэжьыгъэр зэуIу щынымкIэ екIуэкI Iуэхугъэм щытепсэлъыхьым, ДАХ-м и япэ вице-президент **Къэжэр Артур** къыхигъэщащ мы дунейм щекIуэкI геополитикэмрэ дипломатиемрэ тыдыхьаугъ адыгэ Iуэхуэри дгъэпсыныр зэрыфIэтэмэмыр.

- Адыгэр дыкуэдми дымащIэми къэралхэм хэпхъуэу дыщопсэу. А щIыналъэхэм езыхэм я цивилизацэрэ Iуэху зехьэкIэрэ яIэжщи, къэралитIи, къэралищи щIэзэпэщIэуэвэ куэдрэ кьохьу. Мис апхуэдэхэм деж дыкъамыгъэсебэпу, зыр адрейм драуту щымытын щхьэкIэ, дэ ерыщу дадэлэжьэн хуейщ дзэз щIэ Хасэмк. ДАХ-м жылагъуэ зэгухьэныгъэ 17 хохьэ, абы хэмыт Хасэ куэдри щыIэщ. Шэн хэмылъу, абы щхьэхуагъуэ иIащ. Ауэ дунейм кьыщекIуэкIым техуухуэ, псори зы лъэпкъ дыкъыхэкIауэ щыщIткIэ, дызэкъуэзыгъэувэн, дызззыгъэуIун гупсысэ хэгъэнэхукIа гуэр тхьэдымышу хъунукъым. Ар димыIэу щытмэ, ди лъэпкъым нэгъуэщIхэм я зэран кьекIынкIэ хъунущ, нэхъ Iеижращ, дэ зыр адрейм зэран дыхуэхъужынущ. Iуэхур тэмэму зэтеубла хъун папщIэ ДАХ-м программэ щхьэхуэ иIэн хуейщ, кьекIуэкI политикэм дыдекIуэкIыфынымкIэ сэбэп хъуэ, - кьыхигъэщащ Къэжэр Артур.

Тыркум щыпсэу ди лъэпкъгъуэхэм адыгэбзэр зэраджыну альфбейм теухуауэ щыIэ зэдауэм екъэIлауэ зэIущIэм кьыщIепсэльащ хасащхьэм хэт **Къущхьэ Догъэн**.

- Артур и псалъэхэм кьапысщэу, япэрауэ, кьыхэзгъэщыну сыхуейщ ДАХ-м и унафэ щIэт Хасэ псори дызэгурыIуэу дызэдзлэжьынэр зэманым кьытхуигъэув Iуэхуу зэрыщытыр, - жиIащ абы. - Иужьрей илъэситIым хамэ къэралхэм щыпсэу адыгэхэр къагъэсэбэпын папщIэ лъэпкъышхуэхэм хьэгъэщагъэ гуэркэр зэрахьэу хуежьащ. Абы папщIэ Iэмалу зыхуэмыкIуэ щыIэкъым щыхуэхэр, мис абыхэм ящыщщ иджыпсту къежьа алфавит Iуэхур. Ди щыIэкIэ-псэукIэр зэIызыгъэхьэну хуейхэм адыгэбзэр зэрадж альфбейр латиным тету зэхэлъхьэн хуейуэ жаIэу зыкъдуващ. Ар къэбгъэхъункIэ Iэмал зимыIэ Iуэхущ. Фэ зэрыфIэщIэщи, дэ, Тыркум щыпсэухэм, хуитныыгъэ къыдатащ курыт школхэм адыгэбзэр щедгъэджыну. Ауэ абы папщIэ школхэм сабиипщI мынэхъ мащIэ зыщIэс классхэр къыщыдзэгъэпэщын хуейщ. Ар и тегъэщIапIэу КАФФЕД-м зэрыригъэджэ тхылъ игъэхьэзырри, Тырку къэралыгуэхэм кьабыл иригъэщIащ. А тхылъыр зэхэзылъхьаэм сэри сахэтащ. Бзэр зымыщIэм иребгъащIэну хуабжьу тыншу дыдэщ, и зы напкIуэцIыр - къэбэрдей, адрейр адыгей диалекткIэ тхащ. Ауэ иужьрей зэманым «Бзэ Хасэ» жиIэу зыгуэр къэунэхурп, латин хьэрфыпкъым тет альфбей зэхилъхьащ, Тыркум ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм ихьри, иригъэдащ. Сыт ар щIахуэзэфIэкIар? Урысейм и жьауэ зытридзэ Iуэху Тыркум щызэрахьэ нэхърэ нэхъ кьищтащ министерствэм латин графикэм тет алфавитыр. Бзэщ1эныгъэ зыбгъэдэмыльэ цIыхум «сэ адыгэбзэ сощIэ, латин хьэрфыпкъымкIэ зыхъ тыншщ зэбгъэщIэну», - жиIэ щхьэкIэ, абы и Iуэху бгъэкIуэтэ хъунукъым.

Догъэн хэкурысхэм фIыщIэ яхуищIащ иджыблагъэ Тыркум къикIа цIыхуи 130-м щIигъур Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим гуапэу къызэрыщрагъэблэгъам папщIэ. Хэгъэгуэгу унафэщIхэми, абыхэм щыпажьэ хасэхэми, ДАХ-ми я гулъытэкIэ хэхэс адыгэхэм я адэжь щIыналъэр зэрызрагъэлъэгуэм, адыгэ шхыныгъуэхэр зэрызыIуагъэхуам, я къуэшхэр зэрызрагъэцIыхуам щымыгуфIыкIарэ зи гур химыгъэхъуауэ зыгъэззэжам зэрахэмытыр жиIащ Къущхьэм. «Мис апхуэдэ Iуэхухэр нэхъ щIэхщIэхьуэр къетхьэжьэр зэдэтIэту щытамэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ дгъэбыдамэ, ди зэкIэлъыкIуэныр нэхъ щIэхщIэхьу зэпытщIэфу щытамэ, лъэпкъ IуэхурefIэкIуэнут», - къыхигъэщащ Догъэн.

Адэкlэ псалъэ зратар Шапсыгъ Хасэм и тхьэмадэ **КIэкIыхъу Мэжидщ**. Тенджыз ФIыщIэ Iуфэм щыпсэу шапсыгъхэм я Iуэху зыIутыр ар кIэщIу тепсэлъыхьащ. Абы жиIащ иджыпсту зи ужь ит Iуэху нэхъыщхьэр мы мазэм и кIэм ирагъэкIуэкIыну хэхьныгъэ лэжьыгъэр зэрыарар.

- Апхуэдэ зэIущIэр илъэсиплIым зэ екIуэкIыу аращи, тхуэзэфIэкIахэр кьыдопщытэж, тщIэн хуейхэр доубзыху, Хасэ тхьэмадэмрэ абы хэтныхуэмрэ ядох, - жиIащ Мэжид. - Блэкlа пIалъэм къыриубыдэу, фы фызэрыщыгъуаэзэщи, нэхъыщхьэ дыдэу зэфIэдгъэкIар Сочэ щекIуэкIа Олимп Джэгуэкр кьызэгъэпэщыным дэри дызэрихэлIыдфIыхьарщ, абыкIэ сэбэпышхуэ кьытхуэхъуащ адыгэхэр щыпсэу дэтхэнэ хэгъэгуэгум. А псори пщIэнщэу кIуэдауэ къэсолъытэркъым сэ, сыту жыпIэмэ, УФ-м и Президент Путин Владимир дуней псом зэхаху жиIащ адыгэхэр дахэу зэрыхэтам папщIэ фIыщIэ зэрахуищIыр. Кьапщтэмэ, Урысейм лъэпкъыу ис 150-м щIигъум дэ зыращ «Адыгэ унэ» зиIар. Абы хамэ къэралхэм ящыщ цIыху мин бжыгъэ зыщIэблэкIащ, дуней псом къыщащIыху журналист цIэрыIуэхэр къыттетхьащ.

Мэкъуауэгъуэм и кIэм едгъэкIуэкIыну зэIущIэм ирихьэлIэу Шапсыгъ Хасэм и Хабзэрэ зыхуей хуэдгъэзащ, ДАХ-м дызэрыхэтри, ди къалэн нэхъыщхьэу щытри щыгъбзыхуауэ.

Мэздэгу Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ **Дербит Валерий** къызэрыхэсахэр щигъэгъуэзащ Ставрополь щIыналъэмэ зэрыстиеуе Iущхьрэ-Аланиемрэ адыгэу цIыху мини 6 зэрыщыпсэум.

- Илъэс 20-м щIигъуауэ лажьэ Мэздэгу Адыгэ Хасэм и къалэн нэхъыщхьэр адрей лъэпкъхэм дахэмышыпсыхьэу, ди бзэр тIурыпIу, ди хабзэр зэтхьэу дыкъэгъэгурыкIуэныщ, - жиIащ Дербитым. - Абы папщIэ гулъытэ нэхъыбэ зыхуэтщIыр курыт адыгэбзэр щедгъэджыну. Ауэ абы папщIэ школхэм сабиипщI мынэхъ мащIэ зыщIэс классхэр къыщыдзэгъэпэщын хуейщ. Ар и тегъэщIапIэу КАФФЕД-м зэрыригъэджэ тхылъ игъэхьэзырри, Тырку къэралыгуэхэм кьабыл иригъэщIащ. А тхылъыр зэхэзылъхьаэм сэри сахэтащ. Бзэр зымыщIэм иребгъащIэну хуабжьу тыншу дыдэщ, и зы напкIуэцIыр - къэбэрдей, адрейр адыгей диалекткIэ тхащ. Ауэ иужьрей зэманым «Бзэ Хасэ» жиIэу зыгуэр къэунэхурп, латин хьэрфыпкъым тет альфбей зэхилъхьащ, Тыркум ЩIэныгъэмкIэ и министерствэм ихьри, иригъэдащ. Сыт ар щIахуэзэфIэкIар? Урысейм и жьауэ зытридзэ Iуэху Тыркум щызэрахьэ нэхърэ нэхъ кьищтащ министерствэм латин графикэм тет алфавитыр. Бзэщ1эныгъэ зыбгъэдэмыльэ цIыхум «сэ адыгэбзэ сощIэ, латин хьэрфыпкъымкIэ зыхъ тыншщ зэбгъэщIэну», - жиIэ щхьэкIэ, абы и Iуэху бгъэкIуэтэ хъунукъым.

Догъэн хэкурысхэм фIыщIэ яхуищIащ иджыблагъэ Тыркум къикIа цIыхуи 130-м щIигъур Къэбэрдей-Балъкъэрым, Къэрэшей-Шэрджэсым, Адыгеим гуапэу къызэрыщрагъэблэгъам папщIэ. Хэгъэгуэгу унафэщIхэми, абыхэм щыпажьэ хасэхэми, ДАХ-ми я гулъытэкIэ хэхэс адыгэхэм я адэжь щIыналъэр зэрызрагъэлъэгуэм, адыгэ шхыныгъуэхэр зэрызыIуагъэхуам, я къуэшхэр зэрызрагъэцIыхуам щымыгуфIыкIарэ зи гур химыгъэхъуауэ зыгъэззэжам зэрахэмытыр жиIащ Къущхьэм. «Мис апхуэдэ Iуэхухэр нэхъ щIэхщIэхьуэр къетхьэжьэр зэдэтIэту щытамэ, щэнхабзэ зэпыщIэныгъэхэр нэхъ дгъэбыдамэ, ди зэкIэлъыкIуэныр нэхъ щIэхщIэхьу зэпытщIэфу щытамэ, лъэпкъ Iуэхур ef